Мах хадоран г1ирсийн фонд. /МХГ1Ф/

V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.

1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.

2. Хаарийн кхетаман барам хилар.

3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.

«5» дуьллу:

1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

«4» дуьллу:

1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

«3» дуьллу:

1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцуш ца хилахь.

«2» дуьллу:

1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь. Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.



V-XI классийн дешархойн диктантийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех.

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гІалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.
2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гІалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гІалат ца хилахь.
3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, шиннал сов пунктуационни а гІалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гІалат хилахь).
3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гІалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гІалаташ хилахь).
4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархІаннал сов орфографически а, ворхІаннал сов пунктуационни а) гІалаташ ца хилахь.
5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гІалаташ сов хилахь.

Дсшархочун балха тІехь гІалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Іамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.

Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:

1 программехь йоцу йа Іамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гІалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Іамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);

2 тилкхаздаьлла гІалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Іуьйре* хила дезачохь *Іуьйле йаздинехь;*

3 нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь, йогІу (йегІу), йуьртахь (йуьртахь), йуьгу (йуьгу) йаздахь;

4 орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгІа-уьссалгІа, итт - итталгІа – уьталгІа;*

5 къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар нийса- йаздар, гІодар - гІо дар,* и. дІ. кх.;

6 дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дІ. кх. а. 7. *ЦІердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дІ. кх. А;*

7 дешархоша далийтинчу гІалаташна йукъара даккхий а, кегий а гІалаташ къасто деза.

Даккхий гІалаташ лору:

1 хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографичсски, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ.
2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхъайра.*
3. Дсшхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.
4. Хандсшнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху -охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*
5. Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*
6. Кху кенара цIердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.
7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гIуллакх йа гIулкх, гIиллакх йа гIилкх.*

Дсшархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга <u>н йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.</u>

Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.

Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

«5» дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
«4» дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
«3» дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;
«2» дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
«1» дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

Билгалдаккхар:
Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

V-IX классашкахь ечу талламан диктантийн мах хадор.

Диктант – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп йу.

Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:
5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош
7 класс- 25-30 дош
8 класс- 30-35 дош
9 класс- 35-40 дош.

Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:
V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош

VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни метган лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, уьн тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсаяздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш уьн тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIаешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIарди*г дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.

Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьра йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.

Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго йеза.Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

II. Изложенийн мах хадор.

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:

1) билгалйина тема схьаелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсаяздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:

1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;

5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.
Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:

Vклассана – 100-120 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 220-250 дош
VIII классана – 300-350 дош
IX классана – 350-390 дош
X классана – 390-400 дош
XI классана – 400-410 дош

Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.

Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:

1. **«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, й йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаькхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

4. **«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

11. Сочиненийн мах хадор.

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 йа 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 йа 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 йа 2 аг1о;
8 классехь-2 йа 3 аг1о;
9 классехь-3 йа 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;


аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка йуьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.

Ненан меттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.



Талламан белхаш.



Нохчийн меттан
мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(5 класс)

Талламан диктант
«Зезагаш»

Оцу хазачу дийнахь Са1идан бешахь олхазарийн эшаршца цхьаьна декара берийн самукъане аьзнаш. Шуьйра д1аса гаьннаш а даржийна, ц1ечу зазаца кхелина лаьттачу боккхачу 1ожа к1ел

№	Дакъа	Тема
1	**Карладаккхар**	Талламан диктант «Зезагаш»
2	**Синтаксис а, пунктуаци а**	**Изложени** «Ломмий, цхьогаллий»
3	**Синтаксис а, пунктуаци а**	**Талламан болх «Бекъа»**
4	**Синтаксис а, пунктуаци а**	**«Дашо гуьйре» сочинени**
5	**Синтаксис а, пунктуаци а**	**Талламан болх «1аьнан оьг1азло».**
6	**Фонетика, графика, орфографи**	**«Дика амал» изложени**
7	**Лексикологи**	**Тест «1амийнарг т1еч1агдар»**
8	**ДешанхIоттам**	**Талламан болх «1а».**
9	**ДешанхIоттам**	**«Б1аьстенан Iалам» сочинени**
10	Жам1	**Талламан болх «1алам»**

сийначу бай т1е а хиъна 1ара Кулсам. Зезаган курс ловзош йара цуьнан карара жима йо1. Дуткъа декачу озаца эшарш а лоькхуш, зезагаш лехьош лелара Нуржан. Цаьрга хьоьжучу Кулсаман йуьхь йоьлура.

(Ш. Рашидов «Нохчийчоьнан во1»)

Изложени
«Ломмий, цхьогаллий»

Лом къан а делла к1елдисина. Тохара сана акхарой леца карах ца долура цуьнан. Т1аккха цо х1илла дира. Ша цомгаш ду аьлла сурт а х1оттийна, охьадижира лом шен бен чу. Цуьнга хьажа ца веънарг кхана бехке хир ву, бохуш, акхарой т1еэха дуьйладелира цунна, могашалла хатта.Чу мел деана экха кхаьллина делира лом. Цхьана дийнахь лоьме хьажа деана хила цхьогал. Не1аре а х1оьттина, цо хаьттина: «Х1ун хьал ду хьоьгахь, хьоме лом, г1оле йуй хьуна?» – аьлла. Ша 1аламат ч1ог1а цомгуш долчуха сурт а х1оттийна, хала йовхарш а тоьхна, г1ийла ц1евзина лом: «Цхьогал, хьо дац и? Дера соьгахь вон хьал мА ду. Чу долий, парг1атдалахьа», «Дера чудеача соьгахь кхин а вон хьал хир ма дара. Хьан чу йог1уш лараш дуккха а го суна, арайолуш-м йац цхьа а»,– аьлла х1илла долчу цхьогало.

Хьесап:

1. Х1ун дира лоьмо ша къан а делла к1елдисича?

2. Шега хьажа чу мел деанчу экханна х1ун дира лоьмо?

3. Цхьана дийнахь лоьме хьажа деанчу цхьогало х1ун хаьттира цуьнга?

4.Х1ун жоп делира цхьогална лоьмо?

4.Шега лоьмо чудола аьлча, х1ун элира цхьогало?

Талламан болх «Бекъа»

Дешаран шо чекхделира. Т1екхечира аьхкенан каникулаш. Хьуьсен Идрис волчу бригаде балха вахара. Сатоссуш хьала а г1оттий, бекъа 1амо волалора иза. «Казбек, схьало ког! Казбек, гора х1отта!»-бохуш 1амайора Хьуьсена иза. Инзаре дара Хьуьсен дуьххьара цунна т1ехууш. Бекъо охьатоьхна лазорна кхоьруш, наха т1ехаа ца вуьтура иза.

Бекъан амал дика евзара цунна. Дуьрстанан гаьллаш бага а йоьххкина, бекъа керта йуххе а оьзна, т1ехиира Хьуьсен. Казбек т1ехьарчу когаш т1е ира а х1уьттуш, готийса елира. Вехха идийра цо иза, амма Хьуьсен ч1ог1а 1ара говрахь. Дика хаьара цунна говраца шен дег1 лело….

(85дош. Х.-А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)

Талламан болх «1аьнан оьг1азло».

1аьнна дагадеара массо а садолу х1ума шелонца кхеро. Цкъа хьалха олхазаршна т1едирзира иза. Олхазарш бовхачу махка д1адахара. 1адаккха дисинарш шайна ижу лоьхуш кхерстара.

Т1аккха акхарошна т1едирзира 1а. Аренашка а, хьаннашка а шортта ло диллира, ч1ог1а шело х1оьттира. Акхарой кхера ца елира. Цхьа йолчеран йовха кетарш йара, вуьш лаьттах 1уьргаш а даьхна, д1алевчкъира.

Ч1ог1а оьг1аздахара 1а. Шелоно татолашна а, 1аьмнашна а т1еш техкира. Цо царна ша бира. Ч1ерий хи буха дахара. Ша биначу хи к1ел шийла йацара. Берийн ч1ог1а самукъаделира. Цара салазаш хохку, лайн мижаргех ловзу, лайн баба йо.

(87дош.Туьйра.)

«Дика амал» изложени.

1аьнан зама. Шахьаьхначу арахь когаш шерша. Хи дохьуш йог1у цхьа йоккха зуда. Гу т1е хьалайолуш галйолу иза. Когаш шершаш саца а ца елла, охьакхета зуда. И гира ша т1ехь ловзуш волчу 1умарний, Мохьмадний. 1умар, зудчуьнга а хьаьжна, велавелира. Цунна оьг1азваханчу Мохьмада элира: «Эхь ца хетта хьуна вела, хьо-х дешархо ву!» Т1аккха цо, зудчунна хьалаг1атта г1о а дина, ведарш йуха дуьзна, уьш ц1а даьхьира. Зудчо резахиларца даггара баркалла элира

Мохьмадна. Шолг1ачу дийнахь хьехархочо дикачу амалех лаьцна къамел дира.Класс ладоьг1уш д1атийнера.Хьехархочо дийцира Мохьмада селхана зудчун г1о лацарх. Зудчо кехат даийтина хиллера школе.Мохьмад ц1ийвеллера, цул а ц1ийвеллера селхана зудчух вийлина 1умар.Эххар а хьехархочуьнга дош дийхира цо. Хьехархочо бакъо елира. Шегара даьлла г1алат мА-дарра д1адийцира 1умара. Дешархошка а, Мохьмаде а шена бехк цабиллар дийхира цо.

План:

1. Хи дохьуш йог1учу зудчунна гу т1е хьалайолуш х1ун хилира?

2. Йоккха стаг охьакхеташ гича ,1умара х1ун дира?

3.1умарна оьг1азваханчу Мохьмада х1ун дира?

4.Шолг1ачу дийнахь хьехархочо стенах лаьцна дийцира берашна?

5.Х1ун дира т1аххьара 1умара?

Тест «1амийнарг т1еч1агдар»

1. **Маса элп ду нохчийн алфавитехь?**
   а) 33;
   б) 39;
   в) 49.

2. **Маса дожар ду нохчийн маттахь?**
   а) 4;
   б) 6;
   в) 8.

3. **Дешан дакъошду**
   а) цIердош, билгалдош, хандош,
   б) орам, суффикс, дешхьалхе;
   в) латтам, кхачам, къастам.

4. **ЦIердашо гойту..**
   а) хIуманан билгало;
   б) хIуманан дар йа хилар;
   в) хIума.

5. **Шиъ шалха элп хьалха-тIаьхьа йозанехь нисделча…**
   а) шиъ шалха элп дIайаздо;
   б) хьалхарчун шолгIа элп ца йаздо;
   в) шолгIачун шалха элп ца йаздо.

6. **Синтаксисо Іамадо…**

а) къамелан дакъош;
б) предложенин меженаш;
в) дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш

7. **Предложенеш хуьлу…**
а) дийцаран, хаттаран, айдаран;
б) гайтаран, къастаман, къастамза;
в) цхьанатайпанара, цхьанатайпанара йоцу.

8. **Предложенин коьрта меженаш йу…**
а) орам, суффикс, чаккхе;
б) подлежащи, сказуеми;
в) лачкхачам, къастам, латтам.

10. **Хандашах предложенехь хуьлу…**
а) подлежащи;
б) сказуеми;
в) латам.

11. **ЙАьржина предложении олу…**
а) коьрта а, коьртаза меженаш шеца йолчух;
б) еккъа коьртачу меженех лаьттачух;
в) шена чохь хаттар долчух;

14. **Дожаршца легаде хIара дош:**
ЦI. дешархо
Дл._____
Л._____
Др._____
К._____
Х._____
М._____
Дс._____

16. **Лексика олу…**
а) цхьанатайпанарчу меженех;
б) метан дерриг а дешнех;
в) цхьалхечу предложенех

17. **Дакъалг ца цIердашца муха йаздо?**
а) къаьстина;
б) цхьаьна а, къаьстина а;
в) цхьаьна.
18.
19. **Зевне масса элп ду нохчийн алфавитехь?**
а) 13;
б) 15;
в) 17.
19.

20. **Мукъа аз а, элп а маса ду?**
    а) 7 аз, 5 элп;
    б) 9 аз, 6 элп;
    в) 6 аз, 9 элп.

20.
21. **ЦIердешнийн кхолладаларан некъ масса бу?**
    а) 3;
    б) 9;
    в) 5.

21. **ХIара дешнаш схьадевлла ду…**
    а) йуьртахо, Iилманах, вешица;
    б) йоI, пIелг, компьютер;
    в) цIа, некъ, беш.

22. **ЦIердош преложенин меже... хуьлий лела.**
    а) латтам;
    б) къастам;
    в) подлежащи.

23. **Хандашо … гойту.**
    а) хIуманан билгало;
    б) дар йа хилар;
    в) дешнийн уьйр.

24. **ЦIердешнийн маса легар ду?**
    а) 1;
    б) 3;
    в) 4.

25. **Хуттургаш хуьлу…**
    а) берта, бертаза;
    б) коьрта, коьртаза;
    в) цхьаьнакхетаран, карара.

Талламан болх «1а».

1а 1аламехь уггар шийла хан йу. Муха хуур ду, 1а доьлча?

Халкъо олуш ду: «Малх ц1а кхаьчча, 1а дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул т1аьхьа дог1у масех де кхин хийца ца луш лаьтта. И денош д1адевлча, де дахдала долало. 1аьнан угар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла йулу 1а доьлла ткъа де д1адаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта.

Чиллахь, г1айба санна, т1е ло а диллина, массо генаш лаьтта х1уьттуш букардахна хуьлу дитташ, коьллаш. 1аьнан хьун, хьежаца к1ордош, исбаьхьа хаза хуьлу. Х1аваъ ц1ена саде1а атта долуш. (94 дош. Хь.Хасаев. «1аьнан чиллахь.»)

Талламанболх «1алам»

И дош доца делахь а, шеен чулацам к1оргера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, хьаннийн а дахар 1аламах хаьдда хила йиш йолуш дац.

Самукъане, хаза б1аьсте чекхйелира. Т1ееара беркате, йовха аьхке. Иза адамашна угар каде мур бу.

Акхарой а, олхазарш а синтем боцуш лелара. Цара шайн б1аьста дуьненчу евлла к1орнеш кхиайора, 1алашйора, уьш когайохуьйтура. Малх гучуболлушехь, дохк д1адайра, баца т1ера тхин т1адамаш дакъаделира. Дерриг 1алам, малхана дела а къежаш, д1ах1оьттира.

1аламо шеен къайленех пайдаоьцуьйтур бу массо а садолчу х1умане. (80дош.Хь. Хасаев)

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(5 класс)

№	Дакъа	Тема
1.	«Халкъан барта кхолларалла»	Тест № 1
2.	**«Исбаьхьаллин литература»**	**Сочинени №1**

		«Зайндин кхоллам»
3.	«Исбаьхьаллин литература»	**Проект № 1** «Мохьмад Мамакаевн кхолларалли нек̆ъ»
4.	«Исбаьхьаллин литература»	Сочинени № 2 «Х1унда бан беза баьпкан кхоам»
5.	«Исбаьхьаллин литература»	Проект № 2 «Нохчийчоь селхана а, тахана а»
6.	«Исбаьхьаллин литература». Жам1.	Тест № 2

Тест «Халкъан барта кхолларалла»

1. «Тамашийна олхазар» цIе йолчу туьйранехь инзаре-тамашийна маса хилам хилла?
а) 4
б) 5
в) 6

2. Оцу туьйранехь олхазаро хIунда ца дора эланий, цуьнан оьзданашний адам цамгарх тодеш а, къондеш а долу Iежаш?
а) Эло нах хьийзабар бахьанехь
б) Эла дика стаг хилар бахьанехь
в) Эла шена цавовзар бахьанехь

3. «Кхо ваша» цIе йолчу туьйранехь дас ша валале шен кхаа кIанте хIун аьлла весет дина?
а) туьхан тIулгах дай чурт догIа
б) шен чурт ма дог1а
в) шен чурт долчехь буьйсанаш йаха

4. «Барзо Iахарца мохк къовсар» цIе йолчу туьйранехь Iахар цу махкахь муха нисбелла хилла?
а) тиллабелла лелаш
б) жа1уьно ца хууш битина
в) борз лоьхуш лелаш

5. «Кхо ваша а, саьрмик а» цIе йолчу туьйранехь дас ша валале шен кхаа кIанте хIун аьлла весет дина?
а) ширачу новкъа мА гIо аьлла
б) ширачу новкъахь хIун ду хьажа аьлла
в) ширачу новкъа гIо аьлла

6. «Кхо ваша а, саьрмик а» цIе йолу туьйра дIадолалуш муха ду?
а) «Дас кIантана вониг эр дац…»
б) «…Цхьана ден кхо кIант хилла…»
в) «…Дас ша валале, весет дина хила кIенташка…»

7. «Доьшуш хила кIант» цIе йолчу туьйранехь кIанта шена гина гIан цадийцар хIун бахьана хилла?
а) «Далий, маликаший диканиг Дойла» цаалар
б) КIантана цалаар
в) Моллина цалаар

8. Оцу туьйранехь шина гIароло кIантана хIун дина?
а) вийна
б) дIахецна
в) хьуьнхахь кхаьбна

9. «Доьшуш хила кIант» туьйранехь паччахьан хIиллане хаттаршна жоьпаш муха делла хьекъал долчу кIанта?
а) нийса делла
б) нийса ца делла
в) жоьпаш ца делла

10. Туьйранехь хIилане хаттаршна жоьпаш деллачу хьекъал долчу кIантана хIун бахам белира паччахьа?
а) кхоъ ах пачхьалкх
б) ворхI пачхьалкх
в) кхоъ ах пачхьалкх, шен йоI

Тест «Исбаьхьаллин литература»

11. Кхаа дешдекъах а лаьтташ,хьалхарчу дешдекъа т1ехь тохар долчух олу:

а) хорей;

1. «Майра к1ант Сулима» цIе йолу туьйра йаздина:

а) Саидов Билала ;
б) Гацаев Саь1ида;
в) Исмаилов Абус.

2. «Ц1ен маьхьси» цIе йолу туьйра йаздина:

а) Саидов Билала ;
б) Гацаев Саь1ида;
в) Исмаилов Абус.

3. «Чкъоьрдиг» цIе йолу туьйра йаздина:

а) Саидов Билала ;
б) Гацаев Саь1ида;
в) Исмаилов Абус.

4. Шина стага вовшашка дечу къамелах олу:

а) монолог;
б) реплика;
в) диалог.

5.Исбаьхьаллин произведени т1ехь цхьана персонажан къамелах олу:

а) монолог;
б) реплика;
в) диалог.

6. Шен барамца йоккха а йоцуш,цхьана стеган кхоллам йа дахарера хилам гойтучу литературни произведенех олу:

а) роман;
б) пьеса;
в) дийцар.

7. «Зайнди» цIе йолу дийцар йаздина:

а) Бадуев С.С.;
б)Мамакаев М.А.;
в) Саракаев Х.Б.

8. «Баппа » цIе йолу дийцар йаздина:

а) Бадуев С.С.;
б) Мамакаев М.А.;
в) Саракаев Х.Б.

9. «Баьпкан чкъуьйриг » цIе йолу дийцар йаздина:

а) Бадуев С.С.;
б) Мамакаев М.А.;
в) Саракаев Х.Б.

10. Шина дешдекъах а лаьтташ,хьалхарчу дешдекъа т1ехь тохар долчух олу:

а) хорей;
б) дактиль;
в) ямб.

б) дактиль;

в) ямб.

12. «Цакхетта хестор» цIе йолу дийцар йаздина:

а) Бадуев С.С.;

б) Мамакаев М.А.;

в) Бексултанов М.Э.

13. «Цакхетта хестор» цIе йолчу дийцаран коьрта турпалхой бу:

а) Дерказа,Джабраил а;

б) Салмана,Селим а;

в) Г1ойсам а,Узарха а.

14. «Малх чубаре хьоьжура» цIе йолчу дийцаран коьрта турпалхой бу:

а) Дерказа,Джабраил а;

б) Салмана,Селим а;

в) Г1ойсам а,Узарха а.

15. Литературин произведенехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах олу:

а) пейзаж;

б) олицетворени;

в) лирика.

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД
(6 класс)

№	Дакъа	Тема
1	**«Морфологи»**	Диктант №1 «Воккха стаг Бисолтий, жима Хьамзаттий»
2	**«Морфологи»**	Сочинени №1 «Дашо гуьйре»
3	**«Морфологи»**	Диктант №2 «Гуьйре»
4	**«Морфологи»**	Изложени №1 «Ча а, зударий»
5	**«Морфологи»**	Диктант №3 « Ши к1ант тилар»
6	**«Морфологи»**	Изложени№2 «Мухтар»
7	**«Морфологи»**	Тест «1амийнарг т1еч1аг1дар»
8	**«Морфологи»**	Диктант№4 «Бух1анан, маьлхан къовсам»
9	**«Морфологи»**	Сочинени№2 «Тхан доьзал»
10	**«Морфологи»**	Диктант №5 «Б1аьсте»

"Воккха стаг Бисолтий, жима Хьамзаттий"

Бераш доцуш, шаьшшиъ 1аш дара доккха ши стаг: Бисолтий, Селахьаттий.

Дечке ваха тоха вела воккха стаг Бисолта. Цуьнан лулахочун Дудин, Хьамзат ц1е йолуш к1ант вара 6-чу классехь доьшуш. Хьамзата вахара Бисолтица хьуьнах.

Доккхачу хи йисте д1акхечира и шиъ. Башха кхерам боцуш дехьавелира Бисолтий, Хьамзаттий. Бисолта сдечкийн баххьаш ц1андора.

Ткъа Хьамзата ц1андина генашц хьана метте т1ек1елдохкура.

Дашаза дисинчу лайн майданаш т1ехь йолу олхазарийн ларш къестайора Хьамзата:

- Х1ара Хьаьжой байинчу ч1ег1аган йу, х1ара къоьзачу ч1ег1аган йу,х1ара мошанан йу - бохуш, воккхачу стагана гойтура цо уьш.

- Хьуна стенах, муха йевза уьш?

- Ас тидам бина церан, д1адаханчу экханан, олхазаран лоре а хьоьжуш. Ж1аьлин, цхьогалан, берзан, кхидолчу акхаройн, олхазарийн а лараш къаста ло соьга.
(102 дош).

(Х-А.Берсанов), (Ш. Рашидов «Нохчийчоьнан во1»)

"Гуьйре".

Т1екхечи дашо гуьйре. Сийна стигал 1аьржачу мархаша д1алаьц-

на. Дог1анаш оьху. Олхазарш бовхачу махка д1адахна.

Бес-бесара басарш а карахь, уггаре а хьалха хьуьнах йуьйлира

говзанча-гуьйре.Шегарчу басаршца доккха суртдилла долийр ацигахь.

Цхьа долчу диттийн г1аш, лимонаш сана маждира. Важадерш, хиллакх озучу калакойн 1ежаш санна, ц1ечу басе дерзийра. Йукъ-йукъарнаш-м ц1арах догуш сана хеталучу дашо басе дерзийра.

Хьуьнан юккъера схьа а йаьлла, ирзу т1е кхаьчча, наьрт сана лаьттачу къеначу ножа т1е 1оттаелира иза. Курра лаьтташ бара и наж, шеен боккхачу куьра т1ера дуькъа г1аш а дегош.

Оцу наьртана т1е а "йоьзанан духар" духа дага деара цунна. Шена дагама-дарра исбаьхьа кеч а вира цо и къена наж-дада.

«Чаа, зударий а»

Кабехий, Бикатуй яхара хьуьнах хи чу бохка кхорашлахьо .Лекхаа,буьрса а йара хьун. Ширчу некъашкахул а,хьуьнан кхораш лоьхуш,генна д1аяхара и шиъ.
Ирзу тайпа цхьана майдана кхаьчча,саттийна охьа бан боллуш кхор карийра цу шинна.Маьлхан серлонгахь ,лоппаргаш санна, лепаран ош бела кхораш.Кхуран к1ело хьешна яра.Наггахь а кхорца би-
Тинера охьа эгначех.Лохо кондарш д1а а,схьа а кегош,леррина лехча ши-кхо кхор карийра Бикатуна .Церг а тоьхна хьаьжча, чам тайра цунна.
- Эх1, х1орш ч1ог1а дика чам болуш кхораш бу! - кхура т1ехьа лаха хьаьжира Кабеха.
- Х1ара х1ун ду? Цхьа адамаш лелла чух тера мА дукху к1елхула.Т1ехь саттийна кхораш а бу.
- Же,шимма а т1е йаьлла, массо а га ластош,кхораш охьа эго беза вайшимма, - аьлла,хьала елира ши зуда.
Къело йуьззина кхораш охьа эгийра цу шиммо. Ши зуда охьа а йоьссина,кхораш лахьо йола елча,йуьстах хьуьна чохь татанаш хезира цушинна. Ладуьйг1ира шина зудчо. Йа ча, йа нал, йа бежна - цхьаъ хила еза-кхи татанаш дийри гаьлла хеттачу хенахь,т1аьхьарчу когаш т1е ира а х1оьттина, чу хьаьдда йог1ура ча.
- Ва-а, орца дала! ! ! . . . - маьхьарий а хьоькхуш, кхин хьуьн чохь ца соцуш, йедда ц1а еара ши зуда.
Йедда ши зуда кхин тергал а ца йеш,адамо санна,меллаша схьа а лехьош,кхораш баа охьа хиира ча.
Хьесап:
1.Стенга йаханера Кабехий, Бикатуй?

2.Ирзу тайпа цхьана майдана кхаьчча,х1ун карийра цу шинна?

3.Х1ун аьлла хьала елира ши зуда кхора т1е?

4. Ши зуда охьаа йоьссина ,кхорашлахьо йолайелча,х1ун хезира цу шина хьуьна чохь?

5. Маьхьарий а хьоькхуш, кхин хьуьн чохь ца соцуш,ши зуда едича,х1ун дира чено?

"Ши к1ант тилар".

Деъна сахилира. Го баькккхина хьун йара лаьтташ. Цхьана а мет-

ехь некъан лар йа цара гуш.

Ши к1ант ц1ехьа верзалууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза цахууш, тиллера и шиъ. Мац вела кийра 1ийжара. . .

Делкъ хан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча,жимма са парг1атдаьллера шина к1ентан. Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бета мохь хезира шина к1антана.

Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, са хиллалц маьхьарий детташ, 1ан-

наш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ,цхьана аг1ор д1аихна,генаваьлла ца хиллехь.

Изложени «Мухтар»

1уьйранна школе воьдуш вара Мухтар. Маржан г1еран кет1а нис лушшехь,берийн мохь хезира цунна.Саца а сецна, ладуьйг1ира Мухтара,кхийтира иза кхераделлачу берийн аьзнаш хиларх.

Кхин хьемца беш, ведда ц1ийнан не1аре а вахана ,и схьайелла

г1оьртира Мухтар, амма схьа ца елла йелира,чухула дог1а тоьхна хиллера цунна. Т1аккха ведда коре а вахна ,корах чу хьаьжира к1ант ,чохь буькъа к1ур бара.Хиира Мухтарна чохь ц1е йаьллийла. Г1уллакх мало йан а, я т1аьхьа татта йиш йолуш а дацара. "Же,Мухтар, сиха лела!Г1о де берашна, к1елхьардаха уьш" - бохура цо ша шега.
Буй тоьхна,ангали а дохийна,коран ши дакъасхьа а диллина, вахана ц1а чу иккхира иза. Маьнги т1ехь1уьллу жима бер мара а доьллина, корах ара а даькккхина, йистехьо охьадиллира Мухтара. Т1аккха маьнги к1елахь мохь оьхуш 1ен йо1 ара яькккхира цо.Ц1ийнан цхьана сонехь, бертал а воьжна, г1ийла узарш деш 1уьллу жима к1ант а ара ваькккхира.

Йуха, ведда ураме а ваьлла, шеен доггаха мохь бета велира: "Орца дала! Ц1е йаьлла, ц1а догуш лаьтта", - бохуш.

Цуьнан мохь хезна лулахой а, урамехь нисбелла нах а

Схьахьаьлхира .Цара догу чуьра ц1енош а, дукхах йолу чуьра х1умнаш а к1ел хьара йехира.

Тест «1амийнарг т1еч1агдар»

В-1

1.Терахьдашо_____хаттаршна жопло

2.

_____

_____ лаамаза терахьдошо лу

3.Йуьйцуш йолу х1уманаш юкъа а лоцуш, хуттургаца лелаш долчу терахь дашах_____олу

4.Гулдаран терахь дешнашна буха сиз хьакха:

Ворх1е а, ткъе шийтте а, пхи-ялх, ворх1-барх1, пхийтте а, цхьаъ а.

5.Д1аязйе предложенеш, терахь дешнаш йозанца а йаздеш:

Майн 27-чу дийнахь тхо ц1ахь ду школера. Тазица цхьаьна чувоьллира кхин 17 стаг.

6.

_____

_____ ц1ерметдош олу

7.Йаххьийн ц1ерметдешнаш_____йуьхье декъала

8. Дар йа хилар муьлххачу а цхьана йуьхьа т1ехь соцуш хилар гойтучу ц1ерметдешнех_____олу

9.Легаде дерзоран ц1ерметдош (ваьш)

В-2

1. Терахьдошолу_____
2.Масаллин терахьдешнаш дукха хьолахь шаьш масалла гойтуш долчу_____цхьаьна лела.

3.Чолхе декъаран терахьдешнашна буха сиз хьакха:

Диъ-диъ б1ар,шиъ, кхооккха, исс-исс мог1а,пхиппа.

4.Йуьйцуш йолу х1уманаш ерриг юкъа а лоцуш, хуттургаца лелош долчу терахьдашах_____олу.

5.Элпашца д1аязде терахьдешнаш:

7,8,9,27,40.

6.Ц1ерметдешнийн тайпанаш_____ю

7.Чолхе дерзоран ц1ерметдешнаш_____декъах лаьтта

8._____
_____
_____къастамза ц1ерметдош олу.

9.Дожаршца лега дегайтаран ц1ерметдош х1орш:

"Бух1анан, маьлхан къовсам"

Цхьана д1аяханчу хенахь бух1а хила шен доттаг1ашна гергахь дозаллаш дош, дерриге дуьне серла доккхуш берг шен ши б1аьрг бу бохуш. И хаа делла малхана. Цо бух1ане аьлла: "Ма г1ерта сан сий хьайна дерзо". Бух1а йаша а ца йаьшна цо бохучух: "Хьо бу и сан сий хьайна дерзо г1ерташ".

Иштта церан къовсам баьлча, схьа гулделла дерриге а дийнаташ, цхьадолу акхарой,олхазарш бух1ано бохучух тешаш хилла,кхи дерш малхехьа хилла.

"Со цхьана ханна д1алечкъар бу, ткъа шу бух1ано дуьне серла муха доккху хьовсуш хила", - аьлла малхо.

Д1алечкъина малх. Т1ебеана бода. К1ерзош хилла бух1ано б1аьргаш, амма дуьне серла долуш ца хилла.

Схьа кхетт амалх. Дуьне серла даьлла. Хаьттина малхо:

"Х1ун олу аша?".

Т1едиллар:

Йаржаза йолчу предложенина буха сиз хьакха.

"Б1аьсте".

Шолг1ачу дийнахь, кхунна г1о дан ц1ахь сецначу 1абдуллас г1о

а деш, нехан бежнаш дажо дигира Ахьмада.Малх диккала кхабаллалц кхунна г1о деш а 1ийна,шен керт-кехь г1уллакхаш дан д1авахара 1абдулла.

Стовн коллолучу меттехь бажа а бажош, б1аьстенна х1инцца са-

МА долуш доллучу 1аламан хазалле а хьоьжуш ,гушдолчу

суьрто б1аьргана там хуьлуьйтуш, са парг1ат даьлла вара Ахьмад.

К1антана хаза хетара х1инцца заза даьккхина стеша,сен йелла йог1у буц а, доллу х1ума серла даьккхина,дох а дина болу къегина схьа кхетта малх а.

"Кестта хьун а сен лур йу, буц а лакха йерйу, стоьмаша а заза доккхур ду", -ойла йора к1анта.Ахьмад х1ума йиъна воллушехь, кхуьнан б1аьрг кхийтира схьайог1учу шина зудчух. Кхунна девзира шен ненан болар.

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд

(6 класс)

№	Дакъа	МХГ1 ц1е
1 четверть		
1	**«Халкъанбартакхолларалла»**	Тест №1
2 четверть		
2	**«Исбаьхьаллин литература»**	Сочинени «Х1ун хир ду хьол хьоме,Даймохк?»
3 четверть		
3	**«Исбаьхьаллин литература»**	Сочинени «Тхуна ца оьшу т1ом, самах йа г1енах»
4 четверть		
4	Исбаьхьаллин литература	Тест №2

Тест №1 «Халкъан барта кхолларалла»

1.Маца кхоллаелла халкъан барта кхолларалла?

2.Халкъан барта кхолларалли
жанраш:_____
_____
_____
_____

3.Муьлхачу иллин йукъара ду х1ара мог1анаш?

Ва сарахь суьйренца, бузуча малхаца,

Гаьн т1е куьйра ва санна, ша дина хиъна,

Бен чохь леча ва санна, нуьйра чохь тавелла,

Сакъера аравелира, тов, ……..

---

4. Таймин Биболат волчу х1унда веана хилла жима бере?

5.Таймин Биболат илли йукъара коьрта турпалхойн ц1ераш:

6.Наьрт-аьрстхой баьхна бохучу меттигийн ц1ераш йаха:

7. «Эвтархойн Ахьмадан илли» йукъара коьрта турпалхой

8.Эпос- иза_____

Тест № 2 «Исбаьхьаллин литература»

1.Гайсултанов 1умаран «Нийса кхел» ц1е йолучу дийцаран коьртачу турпалхочун ц1е йара……

А)Дика; Б) Дикалг; В) Дикберг

2.Гайсултанов 1умаран «Нийса кхел»

А)дийцар ду; Б) повесть йу; В) туьйра ду;

3.Мила ву х1окху мог1анийн автор

Хьайн ненан мотт хаахь,

Ас дозалла до хьох,

Даггара и безахь,

Ас хастам бо хьуна.(_____)

4. « Чайра» дийцар йаздина:

А) М. Мамакаев; Б) Х.Ошаев; В) Хь.Сатуев;

5. «Чайра» дийцаран коьрта
турпалхой:_____
_____

6. « Дарта» йазйина:

А) М. Мамакаев; Б)М-С.Гадаев; В) Хь.Сатуев;

7. Ошаев Халид вина:

А) 1892; Б) 1898; В) 1891;

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(7 класс)

№	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	Карладаккхар Хандош.	Талламан болх «Гуьйренан т1аьххьара денош»
2	Причасти	Талламан болх «Дахар»
3	Деепричасти	Изложени «Хьаша ларар»
4		Талламан болх «Ирсе б1аьрхиш»
5	Масдар. Куцдош	Талламан болх «Даймохк»
6		Изложени «Ислам»
7	Г1уллакхан къамелан дакъош	Талламан болх «Къинойх ц1анвалар»
8	Шеран талламан болх.	Талламан болх «Сий»

Талламан диктант №1. «Гуьйренан т1аьххьара денош».

Г1а доьжначу варшахь г1а дожаза лаьтта нежнаш, генара хьаьжча, элан литтанех тарлора. Ялтех юьззина лаьттина аренаш яссаеллера. Йовхо ца лора х1иллане лепачу малхо. Ирча, сингаттаме дара аренашкахь. Юьртахь дацара, х1ара ду аьлла, ойла т1ейоьрзур йолуш х1ума. Хуьлуш дерг хьаьжк1аш тило цхьаццаммо белхи бар дара. 1аьнна кечлуш, д1атуьйш долчу дахарна юкъа цо дахьарг а бен-берса х1ума дацара. Керташкахь д1ах1иттийнчу г1одмийн такхораша нилха ц1енош долу к1отар юкъйора. Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а. Такхорашна юккъехь а, т1ехь а, мотт хьаькхча санна, ц1ена яра. Цхьаннахьа охьайоьжна луьйдиг яцара гуш. Гуьйранна ирча хуьлу яраш. Уьш бухъяьхначуьра оьрнаш Элберда д1ашардинехь а, леррина болх бар гойтуш, билгалдуьйлура. Дечу г1уллакхна и т1ера хилар хаьара… (106дош. Х. Эдилов.)

Грамматически т1едахкарш. 1. Предложенина синтаксически таллам бе, бил-галдаха къамелан дакъош.

Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а.

2. Хандош хенашца хийца:

1-ра вариант **2-г1а вариант**

билгалдуьйлура. яссаеллера.

Морфологи. Причасти.

Талламан диктант №2 «Дахар»

Кертахь яьлла г1овг1а ца хаалора цунна. Цуьнан ерриге а ойла стиглахула г1ийлачу узаршца къилбехьа йоьлхучу г1арг1улеша д1алаьцнера. Кхеран кертахь яьлла хаза сийна буц, цундела кест-кеста корах ара б1аьрг тоха дог дог1у. Юург-мерг эца вог1у кху туькана гонаха мел веха стаг. Керта мел вог1у стаг саг1ина х1ума ца кховдош д1а ца вохуьйтура йоккхачу стага. Буьйцу мотт ц1ена а, шера а хиларца

къаьсташ вара пхьоьхане гулбеллачу нахана юккъехь к1айн маж йолу зоьртала цхьа стаг…

… Кхораш чохь кочарчу т1оьрмигах ши лекъ, моший а кхозуш вог1учу Мурдална ма-ярра гора х1ара орцан когашкахь 1уьллу шайн юрт.

Котаман к1орнин г1ийла «ц1ик» иккхира кхуьнан семачу лерга. Эвла йолчухьара куьйра дог1ура. Цуьнан м1араш юккъехь кхозура и т1аьхь-т1аьхьа орцадоху к1орни… (112 дош.)

Грамматически т1едахкарш. 1. Причастешна буха сиз хьакха.

2. Лаамечу причастешка а ерзош, схьаязъе текста юккъера лаамаза причастеш.Йаьлла г1овг1а- йаьлларг, йоьлхучу г1арг1улеша- йоьлхурш.

3. Изложени «Хьаша ларар»

Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцаран г1иллакх ч1ог1а мехала лоруш ду.

Нохчийн кицанаша а хьоьху вайна хьаша доккха беркат, ни1мат хилар: «Нагахь баттахь цкъа хьешо хьан х1усаман не1 ца тохахь, цу чу, не1 а ца тухуш, бала бог1ур бу». Хьан не1 а тоьхна, салам а делла, хьаша оьций аьлла, не1аре веъна стаг хьешан дарже волу, иза бохамах ларвеш, цуьнца ларам беш, хьошалла дар т1едужу стагана. Иза шен мостаг1 велахь а, хьаша хилла т1евоьссинехь, и лар а вина, цуьнан г1уллакхе а хьаьжна, новкъаваккхар т1ехь ду оьздачу стагана.

Хьалха заманахь хьешо ша дийццалц и варан 1алашо а, цо арабаьккхина некъ а хоттуш ца хилла, кхо дей-буьйсий даллалц муххале а. Хьаша д1авоьдуш, иза новкъа воккхуш, кет1а ваьлча, и кхузза юхахьажжалц латтар г1иллакхе лоруш хилла. Нагахь зама кхераме елахь, хьаша юьртах я цунна кхерам боцчу метте валлалц новкъа воккхуш а хилла.

Хьешана тешнабехк бар я 1оттар яр, бохамах лар ца вар доккха эхь хила нохчийн, диц а ца деш, т1аьхьенера т1аьхьене долуш, дуьйцуш. Вайн къоман иэсехь ду хьаша-да ца ларар эхье г1уллакх хилар. Хьаша-да т1еэцар, чувитар, ларар дуьххьалд1а адамийн г1иллакхаш хилла ца 1аш, х1окху дуьненан дахаран дохо йиш йоцу деза-сийлахь доза а хилла.

(185 дош.)

(М. Ахмадов «Гулдина йозанаш-5»)

Хьесап:

1. Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцар – ч1ог1а мехала г1иллакх.
2. Хьалха заманахь хьешаца лелош хилла г1иллакхаш.
3. Хьаша-да т1еэцаран, чувитаран, лараран мехалла.

Деепричасти.

Талламан диктант №4 «Ирсе б1аьрхиш»

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, йуха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чу шершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баькккхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… . (139 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

Грамматически т1едиллар. Буха сиз хьакха деепричастина а, масдарна а, куцдашна а.

Дееприч.

Кеп. Самадолуш.

Къамелан дакъош. 1амийнарг карладаккхар.

Талламан болх№5 «Даймохк».

Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш ю, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, юьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш ю дешица, детица кхелина.

Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш.

Бес-бесара бецаш ю, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .

Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза. 1ай арахь яах1ума а латтош, дитташ т1е **гуйш** а (кормушка) ухкуш… (113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

6. Изложени «Ислам»

Ислам шен шийтта шо кхочуччу хенахь дегIана эгIаза, амма вуно тIахъаьлла а, хьуьнар долуш а кIант вара. Жима велахь а, чохь а, кертахь а, ишколехь а дечу гIуллакхана тIера вара иза. Шен хене а, дегIан ницкъе а хьаьжжина, тIедиллина гIуллакх, мало а ца еш, дика кхочушдора цо.

Цуьнга балун болчу балха тIера юхаийзош, кхоа ца вора иза дас, хIунда аьлча цунна хаьара жим-жима вулуш балхах волар, болх бар пайдехь дуйла а, цо могашалла чIагIйойла а, дегIера ницкъ алсамбоккхийла а.

Ишколехь къинхьегаман урокаш доккхачу хьуьнарца, кхиамца кхочушйора Ислама. Ишколан куьйгалхоша Сийлаллин грамота а луш, къастош билгалваькхира иза.

КIант дика кхиорна, баркалла элира цуьнан дена а, нанна а. Нахана юккъехь кIант хасторна а, шайна баркалла аларна а, юьхькIайчу хIоьттинера Шахьби а, Маликат а.

Урокашкахь дика ладугIуш а, кхета гIерташ а хиларе терра, дешар дика хаьара Исламана. Девне, чIиркъе воцуш а, шайца уьйр йолуш а хиларна, берашна дукхавезара иза. Даима цуьнан векхавелла хиларо а гойтура, даг тIехь мекха йоцуш, догцIена иза хилар.

Хь. Саракаев.

План.

1.Жима велахь а, т1ахъаьлла к1ант вара Ислам.

2. Дас кхоа ца вора Ислам.

3. Школехь дика доьшуш вара Ислам.

4. Юьхьк1айчу х1оьттинера цуьнан да а, нана а.

5. Берашна дукхавезара Ислам.

Талламан болх№7 «Къинойх ц1анвалар»

Даьсса, дайн хабарш цадийцар - шен маттана доладар. Ша летийна къинош, шен сакхташ дагахь а латтош, царна хаддаза Деле гечдар дехар. Оьг1азе, дера воцуш, даим синтемехь, саметтахь хилар. Цхьана дийнахь вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) 1еле (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

- Ва 1ела, кхайкхина воцчу шуьне а хаий, хьайн корта ма байбелахь. Хьайга хоьттуш доцу дош а дийций, хьайн дош ма дайалахь. Дас шен доьзална дечу хьехарна йукъа а ма г1орталахь. Кхоалг1ачух лачкъийна шиммо дечу къамелана йукъа а ма г1орталахь. Воккхачуьнца лераме хилалахь.

Бакъдерг дезар а, иза лахар а Делан дуьхьа латточу къийсаман даржехь ду. 1илмано дагна серло ло, б1аьргаш схьабоьллу, стаг хазво, вазво, ч1аг1во. (112 дош.)

Шеран талламан диктант №8 «Сий»

…-Маржа дуьне йа1!-доккха са а доккхий, кет1ахула бай-йн ког а боккхуш, волало иза.

Т1аккха ц1ийна т1ехьа, беша, волу. 1ежийн, кхорийн, хьайбанийн дитташ лай к1елахь лаьтта…

Стаг вехха лела бешахула волалой, х1ора диттана йуххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. Т1аккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц, Органа чу буссучохь, к1айчу лай т1ехь 1аьржа къаьста ах хаьрцина б1ов.

Б1ов т1улгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а т1улгех. Уьш, ша-ша даьхча, т1улгаш ду, цхьаьна-б1ов.

Стеган сий а ду-кха б1ов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а г1уллакхех. Цо денна а дечу дикачу г1уллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь.

Б1аьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха. Ткъа б1аьвнаш-лаьмнех тарйеш. (115 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»)

Грамматически т1едиллар. Билгалдаха къамелан дакъош.

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(7 класс)

№	Дакъа	Белхаш
1	Халкъан барта поэзи	Талламан болх. Тест.
2	Исбаьхьаллин литература	«Даймехкан 1алам» сочинени
3.		«Кхойтта шаре бахбелла некъ» сочинени
4		Шеран талламан болх

Халкъан барта поэзи

1. Талламан болх

1. Фольклор бохург х1ун ду нохчийн маттахь?
а) халкъан хьекъал;
б) поэзи;
в) проза
2. Муьлхачу илли т1ера ду х1ара дешнаш:
Да виса хьан дела1, ва мерза ва дуьне
Хьо диънарг мила ву ; бохуриг ва хилла?
а) "Зеламхин илли"
б) "Обарг Варин илли"
в) Нохчийн шира илли"
3. Нохчийн литературин бухбиллархо лору.
а) Ахмадов Муса;
Б) Бадуев Саь1ид-Салихь
в) Гайсултанов 1умар
4. Бадуев Саь1ид-Салихьан дахаран шераш ду:
а) 1886-1957;
б) 1920-1987;
в) 1903-1938.+
5. Мичахь вина ву Бадуев Саь1ирд-Салихь?
а) Валаргт1ехь;
б) Соьлжа-Г1алахь;+
в) Махкат1ехь
6.Стенна дуьхьал яздина ду Бадуеви<<1адат>> ц1е йолу дийцар?
а) нохчийн 1адаташна+;
б) паччахьан 1едална;
в) къелла цалаяларна.
7. Гайсултанов 1умаран дахаран шераш ... ду:
а) 1902-1984;
б) 1920-1979;+
в) 1899-1985.
8. Гайсултанов 1умаран нохчийн халкъан барта кхолларалле боккха безам кхоьллира:
а) дас диначу весеташа;
б) нахе дукха ладег1аро;
в) денанас дийцичу туьйранаша.+

9.Гайсултанов 1умаран произведени <<Болат-г1ала йожар>>...ю:
а) повесть;+
б) роман;
в)поэма.
10. Кусаев 1адиз вина ... районехь.
а) Веденски;
б) Нажи-юртан;+
в) Шалински.
11. 1898-1977 х1окху шерашкахь ваьхна яздархо ву:
а) Айдамиров Абузар;
б) Мамакаев Мохьмад;
в) Ошаев Халид+.
12. Муьлхачу произведени юкъара ду х1ара мог1анаш?
Ас инарла вийначул т1аьхьа дукха хан яьлла хир яцара.Сан дагна тасаделира мостаг1ийн окопаш чохь веана цхьа говза снайпер хилар...
а) Алун шераш ;
б) Иччархо Абухьаьжа Идрисов ;+
в) Ч1ир эцар .
13.Яздархочун нийса йоцу ц1ей,фамилий билгалъяккха:
а) Сулаев Мохьмад;
б) Кусаев Салман;+
в) Арсанукаев Шайхи.
14. Дикаев Мохьмад ... вина.
а) Г1ойт1ахь;
б) Гихт1ахь;
в) Берд-к1елахь.+
15. Х1ара дешнаш ду ... ц1е йолчу стихотворени юкъара:
Сайн хьешана мерза кхача,деган йовхо ца кхоийна,Мостаг1чунна,бекхам боцуш, цхьа а зулам ца дитина.
а) Даймехкан сурт ;
б) Нохчо ву со ;+
в) Сан Даймохк .

Исбаьхьаллин литература

2. «Даймехкан 1алам» сочинени

План.
1.Даймехкан васт
2.1аламан васт
3.Цхьатерра юй цу шиннан ойланаш?
4.Х1ун маь1на ду церан вастийн. Царех хьайна хетарг ала.

3.«Кхойтта шаре бахбелла некъ» сочинени

План.
1.Кьам махках даккхар.
2.Новкьахь лайнарг.
3.Маццалла.
4.Казахстанехь лайна халонащ.

4.Талламан болх

1. Шера ритм а, мукъам а болу произведени:

а) илли; +

б) узам ;

в) эшар.

2.Илли д1адолалуш дукхахьолахь гойту сурт:

а)самукъане;

б) юкъара+

в) ойлане.

3.Иллешкахь алсам хуьлу суртх1отторан г1ирс олу:

а) аллегори;

б)метоними;

в) дустар.+

4.Илли т1ехь х1ума дестийна гойтучу г1ирсах олу:

а) синекдоха;

б)гипербола; +

в) легенда.

5.Иллин коьрта ойла гучуяккхархьама даладо:

а)афоризмаш;

б)лаконизмаш;

в) юх-юха аларш.+

6.Илли т1ехь дуьйцучун к1орггера сурт х1оттадо:

а) эпитето; +

б)мотиво;

в) ладог1аро.

7 .Иллешкахь цхьа х1ума кхечунгахула гучуйоккху:

а)чулацамо;

б)метафоро; +

в) пейзажо.

8.Илли т1ехь турпалхочо шен тешаме доттаг1 лору:

а) шен накъост;

б) шен дин(говр) ; +

в) цхьа а ца лору.

9. Иллин коьрта маь1на чулоцу дешнаш ду:

а)дийцар;

б) долор;

в) дерзор.+

10. Иллин чаккхенехь хуьлучу «Ма лолда вай, к1ентий**,** вовшах безам байна» бохучу дешнех олу:

а) маь1не далор;

б)т1аьхьараалар;

в) говза дерзор.

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(8 класс)

Ро г1. №	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
8 класс		
1.	Орфографи	Талламан диктант «Ирсе к1охцал.»
2.	Предложенехь дешнийн уьйр.	Изложени «Дайн 1адат.»
3	Предложенин коьрта меженаш.	Талламан диктант «Хи.»
4	Предложенин коьртаза меженаш	Талламан диктант «Ло.»
5.	Цхьалхечу предложенин кепаш.	Сочинени «Нохчийн къоман зуда.»
6.	Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш.	Талламан диктант «Цхьалла.»
7.	Х1аъ,х1ан-х1а дешнаш предложенеш	Изложени «Ламанан хи.»
8.	Ма-дарра а,лач а къамел	Изложени «Оьзда мотт.»
9.	Грамматически талларш	Талламан диктант «Ненан дарбане куьг."
10.	Карладаккхар.	Шеран талламан диктант «Кехат.»

«Нохчийн мотт» дешаран низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд.

«Ирсе к1охцал»

Цхьана хьуьнхахь йехаш-1аш йара зу. Цуьнан к1охцалех цхьаъ ирсе хилла, дикачу адамашна беркат дохьуш. Иза луларчу йуьртарчу нахана хезна. Амма цхьаннеа хууш ца хилла, ирсе к1охцал муьлханиг ду. Т1аккха уггаре а сутарчу стага аьлла: «Вай и зу схьалоцур йу. Цуьнан к1охцалш дерриш а схьа а даьхна, х1оранна цхьацца д1алур ду. Иштта а хуур ду ирсениг муьлха ду».

Цул т1аьхьа нах зу лаха бахна, цхьаъ воцург. «Садолу х1ума йен а йина, даькхина ирс суна ца оьшу»,- аьлла, ц1ахь 1ийна иза.

Цхьана дийнахь дечке вахана и миска стаг. Наха лоьху зу т1еэана цунна. Адамийн маттахь йист хилла иза:

– Хьайн догц1ена ойланаш а, хьанал дахар а девза суна. Сайн ирсе к1охцал ас хьуна д1ало. Зуламечу нахана со карор йац, - аьлла, к1охцал д1а а делла, д1айахана зу.

Мел лехарх нахана зу ца карийна. Ткъа воккхачу стеган керта ирс а, беркат а деана.

(128 дош)

Изложени

«Дайн 1адат»

Мацах цхьана йуьртахь ловзар хилла. Луларчу йарташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1ог1а тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина йукъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехеш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла.

Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо:

– Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь… Хьайн таро йелахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла.

– Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а, са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбехкечунна т1аьхьадаьлла орца.

– Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шени къамел царах цхьаммо, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ар-г1овг1а йахьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта иза вог1ийла дац. Дала кечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьа сина, дег1ана!

Цара деш долу къамел ша ма-дарра хезаш хилла шен са дадийна веанчунна.

Гобина шена лаьтташ долчу адамашка собаре хилар а дехна, шен ц1ийнан не1арехьа вирзина, кхайкхина воккха стаг:

– Хьаша, схьагучувала, хьан сина кхерам бац х1окху х1усамехь, х1окху кертахь…

Корта охьа а бахийтина араваьллачу к1анте йуха а вистхилла воккха стаг:

– И цхьа г1ортор, и цхьа т1аьхье йара сан, со велча, сан тезет схьаэца йисина, т1аьххьара суна чуьра са д1адолуш сан б1аьрнег1арш д1акъовла виснарг и цхьаъ вара. Йохий ахь сан г1ала, д1аяьккхи ахь син г1ортор, хадий ахь сан орам… Х1инца маьрша ву хьо, цуьнан ч1ир лохуберш йуха хьайна т1екхаччалц!

Зиярт чуьра араволуш санна, 1аш волчу воккхачу стагана а, гулделлачу адамашна а шен букъ ца гойтуш, къайлаваьлла кхайкхаза веана хьаша. (300 дош) Д. Сумбулатов.

Хьесап (план)

1) Ловзаргахь хилла бохам.
2) Лурвоьлларг веллачу к1ентан да волчу кхочу.
3) Хьаша ларвар – дайн 1адат.
4) Орца т1аьхьа кхочу.
5) Ирча кхаъ.
6) Воккхачу стеган къонахалла.

3. Предложенин коьрта меженаш. Талламан диктант «Хи.»

«Хи»

Хи чуьра ч1ерий дохуш сакъералора Хьажмурдан. Къаьсттина ч1ог1а сакъералора цуьнан дай чу хьоьжуш. Шен воккхах волчу вашас бина жима дуо бара к1ентан хи чу бург1уш лелош. Дуьйрийн мижарг а, йагийна ма1а а, багийна хьаьжк1ан кан а, сискал а тосура Хьажмурда цу чу. Башха хи к1оргачу метте а ца бург1ура цо иза. Шалажа а дацара иштта доккха хи а. Маь1-маь11ехь дог1ура и. Лохачу бердан к1ел, хи к1оргачохь, дуо бург1уш меттиг йара Хьажмурдан. 1уьйранна а, сарахьа чу моссаза хьожу а, чабакх а, ирг1у а, ч1ерий дохура цо.

Цхьана буьйсанна стигал къекъаш дог1а а деана, хиш дистира. 1уьйранна самаваьллачу Хьажмурдана хезаш йара дистинчу хино йан г1овг1а…

Ши-кхо де даьллачул т1аьхьа, хи дистинчуьра чудоьжча, хьажа ваханчу Хьажмур-дана шен дуо ца карийра…

(117 дош. Х-.А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)

Грамматически т1едаххарш.

1. Билгалйаха коьрта меженаш.

2. Предложенешна йуккъера схьайазде дешнийн цхьаьнакхетарш, билгалйаха уьйраш:

1-ра вариант-*1-ра пред.* 2-г1а вариант-*5-г1а пред.*

Талламан диктант
«Ло»

Ло дог1у даккхийчу чимашца, массо х1ума а хьулдеш. Малх ма-кхийтти, гуча-м дер ду дерриге а… Вон а, дика а. Жаьмбикна-м гуттар а и иштта дуьйла хаьара. Х1инца санна ца хиънехь а, геннахь, кхетаман к1оргенехь, йехара и ойла. Цо сецавора цхьадолчу некъашна т1е ца волуьйтуш. Хало-о-м дара иза, х1етте а и хало лан а лайна, т1ехйаьлча, декхна хетара денош а, буьйсанаш а…

Йукъ-йуккъера йекхна йу стигал. Мархашна йуккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш. Куй д1а а баькхина лаьттачу цуьнан коьрта т1ехь соьцу уьш, йуха деша.

Цо д1атуьллу куй. Т1аккха хьаннашлахь 1уьллучу жимчу йуьрте б1аьрг бетта. Д1атийна йурт. Йукъ-йуккъехь бен стогарш а гац. 1аьржа г1алърташ а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бошмаш а. Тийна йу кхуьнан х1усам а…

(117 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»)

Грамматически т1едиллар.
Синтаксически таллам бе.
1-ра вариант.
Мархашна йуккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш.
2-г1а вариант.
1аьржа г1алърташ а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бош-маш а.

Талламан диктант

«Цхьалла.»

Буьйса. 1аьржа, тийна буьйса.

Цхьалла…Г1орасиз, синтем байна цхьалла.

Ма цхьаьна йог1у шуьшиъ! Вовшах къаста ца луш, б1ешерийн дохалла ши йиша хилла схьайог1у.

Амма йац шуьшиннан вовшашца йа марзо а, йа безам а. Ца ваьллачу денна д1акхоьхьу дахаран мур бу. Буьйса йаьлла д1айахча а ца йуьту цхьалло…

Берх1итта шо ду и шиъ х1окху ц1ийнан дукъ гихь схьадог1у. Айманис лерина луьсту шен дахаран х1ора аг1о. Йерриге а беса ю, цхьа а йац воккхаверан лар йитина. Дега1ийжамаш, хьешна сатийсамаш, дегайовхонаш. Ур-атталла, ирсан з1ийдиг тесна меттиг йац.

И х1инца а инзарйуьйлу шаьшшиннан дахаран некъ, кхин ца хедаш, х1окху хене схьакхачарх…

Берийн дуьхьа лаьлла садетташ. Цара ницкъ а, доьналла а делла и хан йаккха. Иштта д1аихна шераш… (111дош.)

Грамматически т1едиллар. -*Билгалйахначу предложенешна синтаксически талламаш бе.*

Изложени «Ламанан хи.»

Ирча хуьлу ламанан хи дистича. Охьанехьа дукха чехка дог1уш хиларна, шена дуьхьал нисйелларг охьатухий, хьоший, кагйой д1айоккху цо. Лекха бердаш лахара огий, чухерцадо, орамашца бух а дохуш, дитташ охьакхоьхьу. Х1аваъ дегош гонаха г1уг1 лаьтта.

Хин мокха пен х1инца шерра гуш т1аьхь-т1аьхьа схьат1ешершаш, боккха хуьлуш хилла. Инзаре г1овг1а йаьккхина цо. "Кхуьур вац, х1ал-лакъхили тхойшиъ", - аьлла, Лоьмина

дагатоссушехь, ма-йогг1у говр хаьхкина шайна орцах вог1у бере гина цунна. Иза тхан объездчик Салахь хилла. Цунна дуьхьалхьаьдда Лоьма, Хьасан а текхош.

Салахьа, ша т1екхоччушехь, говр йуха а хьовзош, катоьхна шена хьалха хьалаваькккхина Хьасан.

Схьат1етасало т1еххьа! - мохь тоьхна цо Лоьмига.

Д1алалла! - аьлла, Лоьмас, мохал маса ша д1а а эккхаш. Цкъа вухахьажа кхиъначу Салахьана гина йуххе кхоччуш доллу дистина дог1у хи. Хьалха кхийда саьрмикан мотт санна, ирча хилла хин йуьхь. Лаьххьара ницкъ т1ебахийтина, кхин а чехка ведда Лоьма.Бергашца жаг1а йухабетташ йоьдучу говрана йуххе а иккхина лалвелла,т1екхаьчначу хин йуьхьо к1ажийн пхенаш а дашош, боьрана сехьа иккхина Лоьма. Т1аккха, ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна иза.

Хин г1овг1а х1инца лакхахьара а схьахезаш, гонахара х1аваъ дуьзна. Меллаша корта хьала а айбина, д1ахьаьжначу Лоьмина берриге а боьра хиэ д1алаьцна гина. Кхин зен ца хуьлуш, шаьш к1елхьарадовлар хазахетта, Хьасане хьаьжна, велакъежира Лоьма.

Гайсултанов 1.

Хьесап

1) Ирча хуьлу ламанан хиш.
2) Иза тхан хехо Салахь хилла.
3) Ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна.

Изложени «Оьзда мотт»

Дайн орамашкара дуьйна схьадог1уш цхьа г1иллакх ду нохчийн – стаг верг а, стаг воцург а шен дашца къастош. Цигара схьадаьлла ду «Хьайн багах схьадалазчу дешан эла ву хьо, багах схьадаьллачу дешан лай ву хьо» боху кица. Нахалахь айхьа мел аьллачу дашах жоьпалла ву бохург ду и «Оьзда мотт».

Далла а, нахана гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар йа багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларйар. Ткъа и мотт харц а, шалхонца а лебар, адамна бала хин болчу кепара бийцар даккхийчу къинойх, зуламечу лазарех ду.

Дош хила тарло г1ийлачун, мискачун, дархочун дог-ойла хьостуш к1еда, мерза, аьхна, довха а йа г1ийлачунна хьовха, поп санна волчу къонахчунна а луьра а, къиза а. Меттан хазалла а, меттан говзалла а гучуяккхар магийна ду вайнехан 1едалехь. Далла 1ибадат деш, йо1е безам балхош, адамашна йукъахь лелла дов дерзош, ч1ирхошна йукъахь масла1ат деш, да-нана хьостуш.

Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна 1ама веза, баккхийчаьрга ла а дуг1уш, цьргара масал оьцуш. Хала делахь а, иза дахарехь ца хилча йиш йоцу уггаре а коьртаниг ду. Оьзда мотт адамийн йукъаметтиган дакъа хилла ца 1а, иза вайх х1ораннан сица, кхетамца хила дог1у

жовх1ар ду. Цо г1о до оьзда боцчу нехан лаамна к1ел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь ц1ена чекхвала а.

Уциев А.Х.

Талламан диктант «Ненан дарбане куьг»

Цхьана ламанан йуьртахь дехаш хилла наний, к1анттий. Кху дуьненахь йаккха шен оьмар чекхьйаьлча, нана д1акхелхина. К1ант ша висна. Т1аккха ц1еххъана иза азвала волавелла, кертахъ даа-мала шортта доллушехь.

Дарбанчашна а, х1ума хуучу нахана а т1екхийлина иза гергарчара. Амма дарба карош ца хилла.

Ницкъ а эшна, метта охьавижина к1ант. Кхин дан амал а ца хилла, махкахь а дика вевзаш, ц1е йаханчу шайхана т1ебахана цуьнан гергара нах. Шайхе д1адийцина ма - дарра. Шайхо аьлла:

– Цунна токх нанас шен куьйга бина кхача а бен ца хилла. Иза толур ву, нагахь санна аша цуьнан ненан куьг кхетта кхача баабахь. Кхин дан дарба дац цунна. Кхача а кечбина, ненан коша тlе бахана вуьйш. Каш а аьхкина, шаьш беанчу кхачех ненан дакъаделла куьг хьакхадалийтина цара. И кхача к1антана хьалха биллина цара. Вукхо биъна. Цхьа-ши де далале, то а велла, меттара хьалаг1аьттина к1ант. (133 дош)

Грамматически т1едиллар:

1 Вариант.

Хьалхара предложени синтаксически талла.

2.Вариант.

Шолг1а предложени сентаксически талла.

Шеран талламан диктант «Кехат»

…Маьрк1ажал т1аьхьа ц1акхечира нана. Цецйелира иза гинчух. Йиттина ирхъоьхкина берийн бедарш, чохь йуучух хаза яьлла хьожа, бовхачу маьнги т1ехь ловзу ши к1ант.

-Дукха йаха хьо! Хьо-м х1инца аса цадийриг а деш, йоккха ма хилла. Хьан да, ц1аваг1ахь, тешар а вац, ахьа иштта г1уллакхаш до аьлча.

Амма йоь1ан б1аьра хьаьжча, ненан бос хийцабелира. Йо1 т1орказ чу хьаьжний а, цо цу чуьра кехат дешний а, хиира.

Кехат нанас Х1азанах лечкъоран шен бахьана дара. Нанна дика хаьара, Х1азанна шен сил а дукха да везийла. Тидаме эцнера баккхийчийн санна йолу йоь1ан амал, ойла, мотт. Цундела йо1ана, и ирча кхаъ хезча, цхьа х1ума хиларна кхоьруш ца аьллера нанас да валарх лаьцна. Хан яьлча, х1ума ширло, цул т1аьхьа сатоха хала цахир-кх аьлла, дитинера…

(115 дош. С.-С. Саидов. «Мажйелла кехатан цуьрг.»)

Грамматически т1едиллар.

Синтаксически таллам бе:

1-ра вариант -1 предл 2-г1а вариант-7предл

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(8 класс)

Ро г1. №	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1.	«Исбаьхьаллин литература»	Сочинени № 1 « Даймахке безам»
2.	«Исбаьхьаллин литература»	Сочинени №2 «Ламанхойн доьналла
3	«Исбаьхьаллин литература»	Сочинени № 3 «Вайн халкъо лайнарг»
4	Тест «Исбаьхьаллин литература»	

В - 1

1.Бадуев Саь1ид-Салихь вина_____шарахь

2. «Олдам» дийцаран автор:
А) М.Мамакаев ;
Б)Х.Ошаев;
В) С.Бадуев;

3) «Олдам» дийцаран турпалхой бу:_____

4. «Д1а-коч,схьа-коч»:
А)дийцар ду;
Б)пьеса;
В) роман;

5. « Д1а-коч,схьа-коч» т1ера коьрта турпалхой:
_____
_____
_____
_____

6.« Дахаран генаш» йазйина_____

7.« Дахаран генаш»:
А) поэма йу;
Б) дийцар ду;

В) туьйра ду;

8. Арсанукаев Шайхи вина_____

9. « Тимуран тур» йазйина_____

10.Муьлхачу повесть йукъара ду х1ара мог1анаш?
Тоийта! Х1инццалц х1орш
Дика ловзийна.
Баха д1а гучуьра
Декъазнаш суна._____

11.Хасбулатов Ямлихан вина_____шарахь.

12. « Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх»
йазйина_____

Тест-2
1.Нохчийн литературин бухбиллархой
лору_____
_____
_____
_____

2.Исраил,Сапийат,Элашби,Ваха-Бадуев С., муьлхачу произведенин турпалхой бу:
А) «Олдам» ;
Б) «1адат»;
В) «1имран»;

3. «Олдам»..
А) дийцар ду;
Б) пьеса;
В) роман;

4.«Хьоме-йурт» т1ера коьрта турпалхой:
_____
_____
_____

5.Бисултанов Апти вина_____

6.Муьлхачу стихотворенин йукъара ду х1ара мог1анаш:
Тхан наной хьан къина
Боьлхучу дийнахь
Дала ларйойла хьо,
Тхан Нана-……(_____)

7. « Лаьтта т1ехь лаьмнаш х1иттош»
А) стих;
Б) дийцар;
В) поэма;

8. « Маьлхан каш»
йазйина_____

9.Ахмадов Муса вина_____

10. «Дег1аста» стихотворени йазйина_____

11.Муьлхачу стихотворенин йукъара ду х1ара мог1анаш:
Нуьцкъала хьох даьхна,
Дуьнен чохь даржийна,
Хьан лаьттан кошан барз
Хиллачех хьоьгуш,(_____)

12. «Маьлхан каш»
А) стих;
Б) дийцар;
В) поэма;

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(9 класс)

№	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	Карладаккхар.	Талламан диктант
2	Чолхе-цхьанакхетта предложенеш.	Изложени
3	ОГЭ синонимаш, омонимашантони-маш	Талламан болх
4	Чолхе-карара предложеш	Сочинени
5	ОГЭ латтам (хенан, меттига, бахьанин, 1алашонан, бараман)	Талламан диктант
6	Даран суьртан т1етуху предложенеш.	Сочинени
7	Даран суьртан т1етуху предложенеш.	Изложени
8	Хуттургаш йоцу чолхе предложенех йукъара кхетам.	Талламан болх
9	Литературни меттан стилаш.	Изложени
10	Синонимика стилистикан бух	Талламан болх.
11	Карладаккхар	Шеран талламан диктант

«Хьоме йурт»

Самаевлла н1аьнеш кхайкха йуьйлаелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхо ламаз оьццушехь, эвлаюккъерачу маьждигехь молла а кхайкхира. 1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз.

Хьуьна йистера д1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан юрт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша йукъаерзийначу шен йуьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо.

Х1етахьчул дуккха а хийцаелла йурт. Шорйелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан йурт йу и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а.

Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш йара буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Йерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1айаханера Алхастан. ХIора т1улг, хlора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш-лелларш дагатуьйсура.

Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу аг1ор варша боьрзучу ворданан новкъа д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш йуккъера схьадолуш шовда дара.

(145 дош)

Изложени.

«Доттагий»

Арахь йаьллачу г1овг1анах а, тоьпан татанах а кхераделла берзан к1езий, шешан бена чохь цхьана сонах д1атебба дохкура. Царна топ тоха дегаза хеташ, вехха лаьттира Атби. Уьш кегий долу дела царах къахетара цунна. Уьш ца дойуш йита мегар доцийла а хууш, жа йуккъе лилхинчу берзалоша каетташ дуьмеш даьхна уьстаг1ий шена гича, хеттарг дага а лаьцна, к1езийн з1уганна йуккъе топ туьйхира Атбис. Делларг, дийна диснарг муьлха ду а хьожуш, пхий а к1еза дийра цо.

Барза а далош метта веара и шиъ.

Вало, Ваха, х1инца ц1а а г1ой, колхозан правленехь болчаьрга вайшиммо берзалой йайиний хаийта, шена луург хьажа вог1ур. Борз йерна уьстаг1-х1ума а ма йог1у вайшинна. Пайденна йоццчу йаьллехь а, ас барзана т1ера ц1ока схъайоккхур йу, - аьлла, ша буха а сецна, Ваха ц1а хьажийра Атбис.

Ткъа х1окху Барзина х1ун до вайша? - аьлла хаьттира Вахас. Шех къинхетам байта санна, г1ийла б1аьргаш керчадораж1аьло, шен ц1ейаькхкхича.

Барза соьца ца 1ийча дер дац, чевнаш д1аерззалц, - элира Атбис.

Шен т1оьрмиг а эцна, Ваха ц1ехьа волавелча, ц1ога а лестош, ц1ийзаш меттахделира Барза.

Барза, хьо 1ад1ен деза кхузахь, цкъачунна, хьуо тодаллалц. Со кест-кеста вог1ур ву хьуна кхуза, - аьлла, коьрта т1е куьг а хьокхуш, Вахас ша хьаьстича, шега бохучух кхетча санна, Вахина т1аьхъа ца г1уртуш, Атбица сецира иза. Ваха ц1а вахара.

Гуьйре шелйелча, жа колхозан ферме далийра Атбис. Борз йерна колхозо уьстаг1 а, ц1окарчех пачхьалкхо ахча а делира Атбина. Барза а, чевнаш д1а а йирзина, тоделла.

Цхьана дийнахь кегийчу 1ахаршна х1ума йан хьуьнах вахара Атби. Иза дара 1ай. Цхьа а лар йуй техьа берзан бена т1ейоьдуш аьлла, хьажа вахара иза. Амма иза, ло т1е а тесна, къайлабахнера. Т1ейог1уш цхьа а лар йацара.

Берзан бен д1ашарбелла карийча, дукха хан йоццуш хилла дерг дага лоьцуш ойла йеш а лаьттина.

ХЬЕСАП

1) Берзан к1езий дайар.
2) Ваха Атбис ц1а хьажор.

3) К1ант ж1аьлега г1ийла хьажар.
4) Барза тодалар.
5) Берзан бен карор.

«Ирсе б1аьрхиш»

Х1инццалц д1адаханчу шен дахаран дерриге сурт дуьхьал х1оьттира Ахьъядан оцу миноташкахь. Х1ара ког а шершина, 1инах чувог1уш, кхуьнан кара йеара цхьа жима колл. Иза карахь йолу куьг кегийра дегадора. Аьрру куьйго схьалаца бег1ийла х1ума лоьхура, амма кхо йуьхьанца катоьхна т1улг, карара а баьлла, керчина 1инах чубахара. Охьакхаьчча цо даькхина тата халла бен ца хезира Ахьъядана… Ког д1атасабала х1ума йацара…

Ницкъ г1елбеллера. Дерриге а дег1ах шийла хьацар тоьхнера. Колл карахь йолу аьтту куьг кулла т1ерачу к1охцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера. Куьг а, пхьарс а ц1ийша дуьзнера, амма иза тергалдечохь дацара г1уллакх. К1антана вала ца лаьара, иза ца тешара шен дахаран т1аьххьара миноташ т1ех1иттина бохучух.

Ц1еххьана цхьана х1уманах кхераделла д1аиккхира хьоза. Ткъа оццу минотехь лакхара охьа, ц1ийша дуьзначу к1ентан куьйга т1ехула охьабеара беха, шуьйра, къорза бухка…

(123 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

Грамматически т1едахкарш.

1. Синтаксически таллам бе:

1-ра вариант 2-г1а вариант

1-ра предложени 3-ра предложени. (Ц.П.)

2. Синтаксически таллам бе 4-чу предложенина. (Ч-Ц.П.)

«Борз.»

Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самайахна ойланаш а, б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Юха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», -дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза …

Г1ота уллохь йара х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш лаьттра Баймарза…

(130 дош)

«Ден дозалла»

Ворх1 к1ант ву Даркешан. Ворх1е а – ден дозалла. Цуьнан г1ортораш. Ворх1е а – пепнаш санна, дог1маш долуш, болатах воьттича санна, онда. Х1уманах а б1аьргнег1ар тухур доцуш. Вухавер воцуш. 1уьргара текхарг а йоккхур йолуш, ч1арх-аьллий, шайт1ан ненан багара маха а бохьур болуш, майрий. Г1иллакхах вухур воцушший, йахь д1алур йоцушший.

Иштта кхиийна уьш дас. Цо х1инца а олу шен к1енташка: «Хьалха а ма хила, т1аьхьа а ма хила. Шун меттиг йуккъехь йу».

Цкъа воккхахволчу Аьрзус, 1а а ца велла, хаьттира дега:

– И йуккъера меттиг х1унда хоьржу ахь тхуна, ва дада?

Даркеш оьг1аз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара цо и лардинчух. «Хьалха вийла 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а хьалхара хила лууш хуьлу, т1ехьа сеца 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а т1аьхьара хила лууш хуьлу. Хьалха валий, т1аьхьа висий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а г1уллакхан коьрта йозалла шена т1еоьцуш йерг йукъ йу. И онда йелахь, халкъан доь довр дац», – жоп делира Даркеша.

Ден хьехар лардира к1енташа. Ц1агарица паччахьан салташна к1ело йан баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьаьнцца а. Кхечаьрца цхьанийсса лийтира вежарий Хьарг1ий, Олхазаррий, Маккхаллий. Т1аьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера.

Салтийн тоьпаш а йохьуш, Ц1агарин тоба ц1а йирзича, гихоша доккха са даьккхира… Цхьана Аружин йуьхь т1ехь ца хаалора йа хазахетар а, йа халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь к1ентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша бухаберзаре хьежарх. Ворх1 к1ант ву Даркешин доьзалехь. Ворх1 к1ант – ненан ворх1 са. Цхьана деган эшарехь деттало и ворх1 са, цхьанна цатам хилча, берриге а кийра 1овжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоьуш…

Кхо к1ант дена дуьхьал х1оьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккхах волу Хьарг1а.

– Дада, тхо духадирзи, зен-зулам ца хуьлуш.

– Бакъахьа хир ду, – к1ентийн б1аьра ца хьожуш, бен доццуха жоп ло Даркеша. – Парг1ат хила.

Нана йолчу боьлху к1ентий.

– Нана, тхо духадирзи, могуш-маьрша долуш.

– Некъан хьовзамах, йуьхь1аржонах лардойла шу вайн Дала,– меллаша дека тийналлехь Аружин аз. – Д1адуьло, парг1атдовла.

Воккхах волчу вешина Аьрзуна т1ебоьлху вежарий.

– Тхо духадирзи, дагалаьцнарг кхочуш а дина.

– Нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йитина аш вайна? – хоьтту Аьрзус.

– Ца йитина, – жоп ло Хьарг1ас.

– Дика хир ду, – там хиларца боху воккхах волчу вашас. – Хьовса шайн г1уллакхе…

(343 дош)

(Л. Яхъяев «Гихойн Таймасха»)

Хьесап:

1. Ден дозалла..
2. Ден хьехамаш.
3. К1енташа ден хьехар лардар.
4. Аружин доьналла.
5. Дена дуьхьал х1оттар.

«Т1аьхьара гуьйре»

Гуьйре д1айала герга йаханера. Мокха пардо т1едижинчу лаьмнашкара охьа шийла мох хьаькхира. Дека хезаш олхазарш а дацара, амма наггахь т1ехъэккхаш полла-м хуьлура. Г1алахь даима а хьоькхуш мох бара, йаьлла чан а йара. Декаш хьозий а дара, ткъа урам некъашкахь цкъа цхьанхьа ховшуш, цигара д1ахьовдий, кхечухьа ховшуш, лелаш кхокхий а дара…

Курганов дукха лерина Бенога д1ахьаьжира, жимачу стаге ша т1едиллинарг кхочушдалур дуй-техьа талла воллуш санна. Бенос цунна т1ера б1аьрг д1а ца баькккхира –сох теша мегар ду, хьуна, бохуш санна. Пакет схьа а эцна, аг1орхьа а ваьлла, Танигахьа хьаьжира иза. Цецваьлла висира иза: мел тера йара иза х1инца Ульяшевах, дикачу, хьомечу Ульяшевах…

Шийла 1уьйре йара. Вокзалана гуо а баькккхина, ураме ваьлла Бено, воьхна волуш хьалхахьа д1а а хьоьжуш, цхьана а маь11ехь сецира. Шелоно лергаш дахьадора, когаш шелбора…

(125 дош. С.-Б.Арсанов. «Маца девза доттаг1алла.»

Грамматически т1едахкарш.

1. Синтаксически таллам бе:

1-ра вариант	2-г1а вариант	3-г1а вариант
Ч-ЦП-на	Ч-КП-на	Х йоцчу ЧП-на.

«Доттаг1 вонехь вевза.»

...Новкъа д1авоьдуш, Ханпашина генара дуьйна гора некъа йуккъехь д1а-схьа лелхаш долу к1анттий, йо11ий. И шиъ дара 1абдурахьманний, Маликий.

-1овдал ма лела! Д1айахийта со! Эхь ца хета хьуна соьца къийсавала! - ц1ог1а хьоькхура Маликас.

-Ахь сайна дош даллалц-м йоьхуьйтур йац! Дийца, Малика, реза йуй хьо ас бохучунна? – хоьттура 1абдурахьмана, пхьаьрсаш д1аса а тесна, некъа юккъе а х1оьттина…

Оцу заманчохь царна т1екхечира говрахь вог1у Ханпаша.

-Хьо х1унда йоьлху, Малика? - хаьттира цо, говра т1ера охьа а эккхаш.

-Х1окхо д1айаха ца йуьту-кх,- жоп делира Маликас

-Боьршачу стагана бакъаха дац иштта осала лелча. Д1айахийта иза шен новкъа,- элира Ханпашас 1абдурахьмане.

-Иза хьан г1уллакх дац. Йахийта кхузара хьайн алаша,- т1ечевхира 1абдурахьман.

-Х1ун бахара ахьа? Кхин цкъа а алал иза! - оьг1азе цунна т1еволавелира Ханпаша.

-Хьуна хезнарг бахар-кх,-ч1ог1а ластийна т1ара туьйхира цо Ханпашина.

-1ад1ехьа,1абдурахьман! Со лолда хьан, ца 1ен велахь,-мохь хьоькхуш,йоьхнера Малика.

--Х1унда туьйхи ахь суна, ва 1абдурахьман? Со хьоьх лата г1ерташ ма вацара. Хьайга хаза аьлча *кхета мегар дац хьо?*

-Дера туьйхира, хьоьх х1умма а эхь ца хеташ, айса йуха а тухур долу дела,- шолг1а т1ара тоха дагахь, чуг1оьртира иза.

Кхин д1а са ца тохаделира Ханпаше.

-Дика ду делахь. Хаза аьлча хууш вацахь, д1аэца хьайна!

Шен ницкъ маббу буй тоьхна, 1абдурахьман кхоьссина д1авахийтира Ханпашас. Нийсса бертал воьжна 1уьллура иза лаьттахь, бетах жимма ц1ий а оьхуш. (В.Матиев)

Хьесап

1.Ханпашас тидам бинарг.
2.1абдурахьман шен дагахь дерг нуьцкъалла кхочуш деш хилар.
3.Ханпашина иза кхето лаар.
4.1абдурахьманан сонталла, осалалла.
5.Ханпашин собар.
6.1абдурахьманан цавашар, «цакхерар».
7.Нийса бекхам.
8.Хетий шуна Ханпаша оьзда а, майра а?

«Воккхачу стеган до1а»

Цхьа-ши г1улч йоккхуш, цецволий д1асахьожуш,т1аккха а масех г1улч йоккхуш, лелара воккха стаг.

Пхоьазза т1ек1елдина хиллачу ц1еношна йуххе а вахана,1 асанна т1е а таь1на, сецира иза. Бомбанаша аьтта д1айахийтинера кхузахь б1аьрга мел гуш йолу г1ишло.

Т1аккха, лекха нохчийн холхозан куй д1а а баькккхина,киснара схьадаькккхина йовлакх коьртах хьаькхира цо.

Арахь йовха йацара.Кхузткъе итт шо сов хан хир йолуш воккха стаг лаьттара дег1е дагар детташ…

Ц1еххьана когаш чуьра са д1адаьлча санна, цхьа тамашийна охьалахвелира иза…Со сихха т1еволавелира.Со а гина,воккха стаг,шегара даьлла цхьа г1алат суна ца гайта г1ерташ санна,хьалаайавелира. Маршалла а хаьттина,дог лаза-м ца даьлла хьан,аьлла,хаьттира ас.

-Х1ан-х1а!..Лаза сан дог дисина, моьттуш а ма вац со-м!

-Х1окху ц1енош чохь 1аш гергара нах бара хьан?

Воккха стаг, цхьа тамашийна соьга схьа а хьаьжна, д1авирзира…Шен б1аьрхиш суна ца гайта г1ертара иза.

Дуккха лаьттира тхойшиъ, вист а ца хуьлуш…

-Сан к1ентан х1усамаш йара кху чохь…Х1инца к1ант а вац,цунах йисина х1усамаш а йац…

Т1аккха, куй д1а а тиллина, дег1 нисдеш д1а а х1оьттина, до1а дан х1оьттира.Ас т1аьхьара «амин» а олуш,дехха дира воккхачу стага до1а. (170 дош).

Хь.Тухашев

Т1едилларш:

1.Хьалхара предложени йуьззина синтаксически къастае.

2.Айдаран, хаттаран предложенешна буха сиз хьакха.

«Ирча буьйса»

Иза дара гурахь. Базар д1айуьйхира. Шен хьешан, г1алаг1азкхичун, куьг лоцуш, 1одика а йина, итт-цхьайтта шо кхаьчна хир долуш волу шен к1ант йуххе а хаийна, говра-ворданахь, ц1а ван новкъавелира Расу.

Суьйре т1етаь1нера. Чубуза ц1ийбеллачу маьлхан з1енарша кхелина 1аьржачу мархийн йисташ, д1адийнчу аьчган басахь лепара. Цхьа байн хьекха болабелла мох т1аьхь-т1ьаьхьа ч1аг1луш лаьттара.

Дерриг а 1алам меттахделира. Татанца лелхаш, борз санна уг1уш, шакарца ц1ийзаш, буьрса «дур» дара геннара дог1уш. Чехка йог1ура буьрса 1аьржа мархаш.

Ц1еххьана, стигалара ластийна охьахаьхкича санна, оьг1азе тулг1ешца а боккхуш, дег1аца д1ахьулвира Расус шен к1ант.

Нуьцкъачу дорцан ткъевнаца к1ур хьийзош, садоккхийла йайна, холчохь висира и щиъ. Некъ гуш бацара. Расу некъах тилира. Цхьа а ларб1ар йоцчу, воьду аг1у билгалйоцчу цу некъан хьесап дан ницкъ боцуш корта хьаьвзнера цуьнан.

(131 дош)

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(9 класс)

№	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	**Халкъан барта кхолларалла**	Сочинени «Тешаман мехалла»
2	**Исбаьхьаллин литература**	**Тест 1**
3	**Исбаьхьаллин литература**	Сочинени «Къинхетаме стаг»
4	**Исбаьхьаллин литература**	Сочинени «Муха хуьлу дика доттаг1»
5	**Исбаьхьаллин литература**	Сочинени «Вина мохк мазал мерза бу»
6	1амийнарг карладаккхар,т1еч1аг1дар	Тест 2

Класс____

Дешархочун йуьззина ц1е_____

Тест-1

1.Фольклоран жанраш йу:

_____

_____

_____

2.Инзаре тамашийначу хиламех хаздина кхоьллинаргду:

А)туьйра ;

Б)кица;

В)дийцар.

3.Хьекъал,кхетам луш долу аларех олу:

А)туьйра ;

Б)кица;

В)дийцар.

4.Стихотворенин кепехь а йолуш,мукъамца олуш йолчу эпически а,лирически а произведенех олу:

А) эшар ;

Б) илли;

В) назма.

5.Хьан кхоьллина барта поэзин иллеш?

_____

6.Муьлхачу илли т1ера ду х1ара мог1анаш:

Хьаьвзина мА бахара и йуьртан тхьамданаш

Рузбанна диначу рузбанан маьждиге.

(_____)

7. Муьлхачу иллин турпалхой бу:Адин Сурхо,элан Мусоста,йуьртара тхьамданаш?

_____

8.«Аьккхийн Жанхотан илли» ду:

А) Лирически ;

Б) Турпалаллин;

9.Аьккхийн Жанхотан иллин турпалхой:

_____

_____

_____

10.Гонахарчу дахарехь йа 1аламехь долчу х1уманаша меттахъйаьккхинчу турпалхочун ойланех лаьцнарг ду:

А)лирически илли;

Б)турпалаллин илли.

11.Турпаллаллин иллийн чулацамехь дуьйцу:

А)дахарехь хилла г1уллакхаш;

Б)турпалалхочун ойланаш.

12.Бусалба динах лаьцна чулацам а болуш,мукъамца д1а а а олуш,стихашкахьйазйина произведени йу:

А) эшар ;

Б) илли;

В)назма.

13.Оьрсийн алфавитан буха т1ехь дуьххьара нохчийн грамматика йазйинарг ву:

А) Услар П.К.;

Б)Досин Къеда;

В)ЭльдерхановТаьштамар.

14.Дуьххьарлера нохчийн абат йазйинарг ву:

А) Услар П.К.;

Б)Досин Къеда;

В)ЭльдерхановТаьштамар.

15.1923-чу шарахь арадаьллачу нохчийн дуьххьарлера газетан ц1е хилла:

А) «Советская автономная Чечня»

Б) «Серло»;

В) «Даймохк»

16.1925-чу шарахь нохчийн дуьххьарлера газет «Советская автономная Чечня» х1окху ц1арца арадаьлла:

А) «Ленинан некъ»;

Б) «Серло»;

В) «Даймохк»

17.Нохчийн дуьххьарлера газет «Советская автономная Чечня» х1инцах1окху ц1арца арадолуш ду:

А) «Ленинан некъ»;

Б) «Серло»;

В) «Даймохк»

18.Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархой лору:

_____

_____

_____

19.Дерриг къоман дахарехь доккха маь1на долу г1уллакхаш а къастош,лирически,эпически,драматически билгалонаш шеца йолу стихашца йазйинчу произведенех олу:

А) поэма ;

Б) илли;

В) назма.

Тест 2.

Класс_____

Дешархочунйуьззина ц1е_____

Тест-2

1.Дудаев 1абди Дудаевич вина:

А) 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь,Веданан к1оштан Элистанжахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

2.Сальмурзаев МохьмадСальмурзаевич вина:

А) 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь,Веданан к1оштан Элистанжахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

3.К1еззиг турпалхой а болуш,стегандахархлаьцнажимачу эпически произведенехолу:

А)дийцар;

Б) пьеса;

В) роман;

4. «КхетамеХьамид», «Мало-хало» дийцарийн автор ву:

А) МохьмадМамакаев ;

Б) МохьмадСальмурзаев;

В)ШамсуддинАйсханов;

5.Нажаев Ахьмаданпоэмин ц1е:

А) «Жа1у»;

Б) «Бешто»;

В) «К1айн котам».

6.1907-чу шарахьТеркйистерчуЛаха-Неврехь вина:

А)ШамсуддинАйсханов ;

Б) МохьмадСальмурзаев;

В) Саь1ид Бадуев;

7.Бадуев Саь1ид-Салихь вина:

А) 1900 шарахь,Йоккхачу Атаг1ахь;

Б)1903 шарахь,Соьлжа-г1алахь ;

В) 1895 шарахь ,Йоккхачу Атаг1ахь;

8. «Бешто» повестан автор:

А) МохьмадМамакаев ;

Б)ХалидОшаев;

В) Саь1ид Бадуев;

9.«Бешто» повестантурпалхойбу:

_____**10.**

С.Бадуевн «Ц1еран арц»:

А)дийцар;

Б) повесть;

В) роман;

11. « Ц1еран арц» т1ера коьртатурпалхой:

_____

12.« Даге»стихотворенин автор ву:

А)1аьрби Мамакаев ;

Б)ХалидОшаев;

В) Саь1ид Бадуев;

13.Мамакаев 1. « Нохчийнлаьмнашкахь» поэминкоьртатурпалхой»бу:_____

_____

14. «Лийрбоцурш», «Бож-1ела», «Мохсолтиндоьхна де» пьесийн автор ву:

А)1аьрби Мамакаев ;

Б) Хамидов 1абдул Хьамид;

В) Саь1ид Бадуев;

15.60-80-чу
шерийнйаздархойбу:_____
_____
_____
_____

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(10 класс)

№	Дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1.	Карладаккхар.	Талламан болх «Хийист»
2.	Синтаксис, цхьалхе предложени	Изложени «Абубешар»
3.	Чолхе предложени	Талламан болх «Гуьйренан йуьхь»
4.	Хуттургаш йоцу чолхе предложени	Изложени «Ирча буьйса»
5.	Ма-дарра а, лач а къамел	Талламан болх «Борз»
6.	Пунктуаци	Талламан болх «1алам»

1. **Талламан болх «Хийист».**

…Дитташ к1ел хийист х1уттура.

Малх лаьмнашна т1е охьалахбела, суьйранна д1абузале шен йерриге йовхо а, серло а дуьненчу схьакхийдош бара. Суьйре т1ейог1уш йуьртахь хьаеллера дахаран г1овг1а: ц1а оьху бежнаш, уьстаг1ий, урамашкахь зевнечу маьхьарш-ца ловзу бераш, г1уллакхаш деш хьийза бахархой.

Ц1естачу к1удалан къамкъарга чохь йоьзан чами а бекош, хит1а йаха араелира Медни. Кхуьнан к1айн, горгачу беснеш т1ехь товш хеташ дара коьртара мархийн басахь долу гуьлмаьнда, коган хьоркане кхочуш г1абалин хормехь тегна, стигал басахь йеха коч, и сацош йуткъачу г1одаюкъах дихкина, кучах шех долу доьхка, бай кога туьйдина ши к1арх. Х1ара хи эца тог1и чу охьайолаелча, 1индаг1ашкара схьаваьлла, кхунна т1аьхьакхиира Мовсар.

Меднина шена хаа а хууш дег1 дегаделира, йуьхь ц1ийелира Мовсарх б1аьрг кхетча. Кхунна иза аьхке йоьлчхьана а вайна а вацара…

К1ентан амат дерриг а оьздачу битаме далийнера кхунна т1ехь йолчу ло санна к1айчу кисин кучо. Куча т1ехула дихкина дара шуьйра доьхка, цу т1ехь кхозу йоца шаьлта, коьрта тиллина жима б1ег1аган куй, когахь 1аьржа маьхьсеш.

(156 ш. С-С.Саидов. «Эзарнийн зерашкахь»)

2.Изложени «Абубешар»

1уьйре шийло йара. Генах хаьдда г1а, наггахь дитта к1ел охьадужуш хаалора. Дуьненчохь йорт йиттина к1адъелча санна, мархаш ламанца набарна тевжинера. Стигалан гар, хи ца кхоош йилича санна, ц1ена а, сийна а дара. Со лаьттачу хи йистерчу чха т1ера д1ахьаьжча, аьрру аг1ор б1аьрго схьа ма-лоццу йолчу арахь, дикачу дайша лерина куьг тоьхна йалташ чу а дерзийна, йерзинаяьхна аренаш йара гуш. Цхьацца меттехь йетт а, эса а, уьстаг1ий а, цхьа наггахь йежаш говр а гора. Кхузара д1ахьаьжча гуш эвлан йисттехь

Абубешаран тиша ц1енош дара. Уьш къаьсттина тиша а, ледара а хоьтуьйтура царна гобаькхина гуш долчу йуьртабахамхойн дикачу ц1еноша.

Абубешаран ц1енойн тхов ах эрз буьллуш, важа ах г1одамаш дохкуш бина бара. Цуьнан ц1енош йуххехула т1ех вер-вериг велакъежара Абубешаран стохка дуьйна а доьхна, раз а даьлла лаьттачу кевнах б1аьрг кхетча.

И ков айъина жимма д1а а хилийна, г1уркх санна лекха а волуш, ханна шовзткъа шо сов зама хир йолуш, г1еметта х1оьттина стаг велира кех ара. Цуьнан кога буьйхнна тишо, амма чохь сурт гур долуш къагийна ши к1арх а бара, т1ейуьйхина 1аьржачу басахь, голаш шар а белла т1ерг1ан к1адийнан, галифеш йолу хеча йара, ткъа цу хечийн когашна т1ехула а йохуш, хьалаоьззина йуьйхина можа ши пасат а йара. Царал совнаха гоьле ца кхоччуш йеха а йолуш, гонах чимчарг1а а лоцуш кечдеш дехкина хьалхахь даккхий киснаш а долуш, белшехь жимма зарзйалар а хаалуш, к1айчу гатанан коч йара. Ткъа цунна т1ехула къевллина дихкина, дукха шира хиларна локхар к1айяла а йоьлла долу меттанаш долу доьхка дара. Та11ош коьрта тиллина ах аьрша хиллал лекха а болуш, кагъеш т1ехьа д1айахийтина г1абакхан т1ам санна, маь1иг а йолуш, цхьа ге хиллал беха чо болу куйн бара. Ткъа цу куйнан к1инжаш юккъехула схьагуш куьйранан з1ок санна хьаьвзина цуьнан мара бен, б1аьргаш башха гуш а дацара. Цуьнан коканаш т1ета1ийна йолчу йуьхь т1ехь гуш: Абубешара мало ца йеш хьийзийна ши мехк, газанан ц1ога санна, ц1ац1 аьлла ирах а дог1аделла дара. Гуш дацахь а, дуйнах ала мегар дара, х1инцца хьаьжча цуьнан кисанахь, дечиган мукъ а болуш, урс а хир ма дара.

Ша ара ма веллинехь, цхьа ког хьалха д1а а тесна, п1елг санна стомма шен багахь йоллучу махоркин цигаьрканах луьра к1ур а оьхуьйтуш, хаьнт1е куьг а х1оттийна, лерина д1ах1оьттира Абубешар.

Абубешар ша ч1ог1а къонаха хеташ стаг вара. Ша пхьоьханахь, йа синкъерамехь, йа ишттачу кхечу меттигашкахь нисвелча «со», «ас», аьлла х1ума а дуьйдура цо. Шен дашана дуьхьал дош далийча лата а безам болуш вара иза. Цунна моьттура, ша стагаца дов даккха ца кхийрича а, зудче шена луъург бен да дойтуш ша хилча а, дийнна стака къаьркъа т1е х1ума ца кхоллуш ша мелча а, наггахь бен ша вела ца къежаш хилча а, зуда шеца цхьаьна стоьла гонах ша охьа ца хиъча а, нахана йуккъехь ша коьртара куйн д1абаькхкхича а ша воккха къонаха ву. Ша зудчунна хьалхара дечиг даькхкхича, ведар хи деача, йа базарара цуьнца тускар лаьцна веача цунна моьттура шегара йоккха ледарло йолу. (363 дош)(1. Хамидов «Абубешар»)

Хьесап:

1. Абубешаран ц1енойн тхов.
2. Абубешаран сибат:
   а) когара к1архаш;
   б) т1ера бедар;
3. Абубешара латтар.
4. Абубешаран амал:
   а) нахаца къовсавалар;
   б) зудчух летар.

3.Талламан болх «Гуьйренан йуьхь».

Хаза лаьттина и йовха аьхке чекхйолуш йара. Аьхке чекхйаларх-м 1алам а, адам а, массо а садолу х1ума саготта дацара. Т1екхочуш берг токхе мур бара – гуьйре! Уггар хьалха гуьйре т1екхочийла , цунна кечам бан безийла хаийтира мангалхоша.

Аьхкенан йуккъерчу а, т1аьххьарчу а деношкахь, 1уьйранна сай-бодий къаьстачу хенахь, мерзачу набарх а ваьлла, ахь ладоьг1ча, хезаш хуьлура шатайпа тата. Иза мангалхоша тусуш долчу мангалийн татанаш дара. 1уьйранна баца т1ера тхи дожале д1ах1уьттий мангалхой де дохдале мангал хьокхий а бовлий, де дохделча, кхорийн 1индаг1ехь садо1уш хуьлура. Цул дика садо1ила хир йацара.

Суьйренгахьа лестина де шелделча, цара д1адолор ду шайн ирачу мангалшца кесарш охьадахка. Дикка бода боллалц мангал а хьаькхна, уьш ц1ехьа боьрзур бу, кхана йуха а х1окху метте йухабахка.

Билггал гуьйре т1екхочуш хилар гойтуш аьхкенан т1аьххьарчу деношкахь стиглара схьа хаам бира. Уьш г1арг1улеш йара шайн некъан узам а беш, низам ца дохош, къилбехьа довхачу мехкашка 1а даккха йоьлхуш.1одика йеш санна, йуьрта т1ехула ши-кхо го а баькхинаг1арг1улеш къайлайевлира. Шеко йацара, уьш шайн маьхьаршца б1аьста йухайог1ург хиларх.

4.. Изложени «Ирча буьйса»

Иза дара гурахь. Базар д1айуьйхира.Шен хьешан 1одика а йина, итт-цхьайтта шо хир долу шен к1ант йуххе а хаийна, ц1а ван новкъавелира Расул.

Суьйре т1етаь1нера.Чубузучу маьлхан з1аьнарша кхелина мархийн йисташ , ц1ийдинчу аьчган басахь лепара. Цхьа байн хьекха болабелла мох т1аьхь-т1аьхьа ч1аг1луш лаьттара.

Дерриг 1алам меттахделира. Татанца лелхаш, борз санна уг1уш, шакарца ц1ийзаш, буьрса «дур» дара геннара дог1уш. Чехка йог1ура буьрса 1аьржа мархаш.

Ц1еххьана, стиглара ластийна охьахаьхкича санна, оьг1азе тулг1ешца дог1а туьйхира..Цхьогалан ц1окарчийн кетаран т1ам т1ехула а боккхуш, дег1аца д1ахьулвира Расула шен к1ант.

Садоккхийла йайна, холчохь висира и шиъ. Некъ гуш бацара.Расул некъах тилира.Цу некъан хьесап дан ницкъ боцуш корта хьаьвзинера цуьнан.

---- Хьайна луъучухула д1адуьгур ду-кх ахь тхо, -- аьлча санна,урх хецна, шен лаамехь йитира цо говр.

Дог1а, бедарех чекх а даьлла, дег1а т1е кхаьчнера.Шелвелла, вегош вара к1ант.

Иштта д1аоьхуш, цхьана бун т1е кхечира уьш. Дог1а дукха чекхдалаза йара бун.Цуьнан чоь йекъа йацахь а, г1еххьа сапарг1атделира Расулан.Шеллуш волу к1ант дагахь волура цунна.Амма киснахь йолу сирникийн ботт йашийнера.Ц1еран йовхонах догдилла дийзира.

Некъо а, дарцо а г1елварна, набаран тар туьйсура цу шинне. Дог1ано йашийна т1уьна йелахь а, кетар т1е а тесна, д1атевжира и шиъ. Дарцо бечу сингаттамечу узамо тиэвеш, аганахь тахкийча санна, к1антана наб кхийтира. Наб озийра Расулана а.

План:

1. Иза дара гурахь.
2. Суьйре т1етаь1нера.
3. 1алам меттахделира.
4. Некъ гуш бацара.
5. Дог1ано дег1 дашийнера.
6. Цхьана бун т1е кхачар.
7. И шиъ д1атевжира.

5. Талламан диктант «Борз».

Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самайахна ойланаш а, б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Йуха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», -дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза …

Г1ота уллохь йара х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш лаьттра Баймарза… (130 дош. М.Мутаев «Борз»)

6.Шеран талламан диктант «1алам»

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза, кхуьнан коьртара месаш д1аса а яржош.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чушершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баькхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… (139дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

Грамматически т1едиллар. Синтаксически таллам бе.

1-ра вариант 2-г1а вариант 3-г1а вариант

1-ра абзац 2-г1а абзац 3-4 абзацаш.

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(10 класс)

Рог1алла		Мах хадоран г1ирсан ц1е.
1.	**Исбаьхьаллин литература.** Мамакаев М. «Зеламха» роман	Сочинени «…Сох обарг вина».
2.	Эдилов Х. «Сийлаха» поэма	Сочинени «Адамна т1ехь долу дехкарш».
3.	**Исбаьхьаллин литература.** Бексултанов М. «Дахаран хин генара бердаш» повесть.	Сочинени «Нохчийн доьзалан дахарехь ден хила йеза меттиг».
4.	1амийнарг карладаккхар. Шеран талламан болх.	ТЕСТ.

Класс_____

Дешархочун Йуьззина ц1е_____

Тест-2

1.Дудаев 1абди Дудаевич вина:

А) 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь, Веданан к1оштан Элистанжахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

2.Сальмурзаев Мохьмад Сальмурзаевич вина:

А) 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1901 шарахь, Веданан к1оштан Элистанжахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

3.К1еззиг турпалхой а болуш, стеган дахарх лаьцна жимачу эпически произведенех олу:

А) дийцар;

Б) пьеса;

В) роман;

4. «Кхетаме Хьамид», «Мало-хало» дийцарийн автор ву:

А) Мохьмад Мамакаев;

Б) Мохьмад Сальмурзаев;

В) Шамсуддин Айсханов;

5.Нажаев Ахьмадан поэмин ц1е:

А) «Жа1у»;

Б) «Бешто»;

В) «К1айн котам».

6.1907-чу шарахь Теркйистерчу Лаха-Неврехь вина:

А) Шамсуддин Айсханов;

Б) Мохьмад Сальмурзаев;

В) Саь1ид Бадуев;

7.Бадуев Саь1ид-Салихь вина:

А) 1900 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

Б) 1903 шарахь, Соьлжа-г1алахь;

В) 1895 шарахь, Йоккхачу Атаг1ахь;

8. «Бешто» повестан автор:

А) Мохьмад Мамакаев;

Б) Халид Ошаев;

В) Саь1ид Бадуев;

9. «Бешто» повестан турпалхой бу:

_____**10.**

С.Бадуевн «Ц1еран арц»:

А) дийцар;

Б) повесть;

В) роман;

11. «Ц1еран арц» т1ера коьрта турпалхой:

_____

12. «Даге» стихотворенин автор ву:

А)1аьрби Мамакаев;

Б) Халид Ошаев;

В) Саь1ид Бадуев;

13.Мамакаев 1. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин коьрта турпалхой» бу:

_____

14. «Лийрбоцурш», «Бож-1ела», «Мохсолтин доьхна де» пьесийн автор ву:

А)1аьрби Мамакаев;

Б) Хамидов 1абдул Хьамид;

В) Саь1ид Бадуев;

15.60-80-чу шерийн йаздархой бу:

_____

_____

_____

_____

Нохчийн меттан

мах хадоран г1ирсийн ФОНД

(11класс)

Рог1.	**Предметан таллам бен дакъош**	**Мах хадоран г1ирсан ц1е**
1	Синтаксис,пунктуаци,цхьалхе предложени	«Микин дахар» талламан болх.
		«Бабин беркате т1орказ» Изложени
2	Чолхе предложени	«Борз» талламан болх
3	Ма-дарра а,лач а кеъамел	«Дохкойала, нана» Изложени
4	Пунктуаци	«Бохам»талламан болх. Тест «Чолхе предложенеш».

Талламан диктант №1

Микин дахар

Генарчу Алтайн пана лаьттачу лаьмнийн сийначу хьаннаша хьулйина 1уьллу Лесное-Юрт. Оцу йуьртахь цкъа дукхе-дукха хьалха хьаннийн лохачу ц1а чохь шен дененаца вехаш 1аш вара Мика. Микин да т1ам т1ехь вийнера. Цуьнан, нохчий ц1ера бохуш, вагон т1ехь нана а кхелхинера. Хала дара оцу махкахь адамийн дахар, къаьсттина шайн махках баьхначу нохчийн а долуш. Ло диллича, т1ебог1уш некъ цахиларна, йоцачу аьхка бора цигарчу наха 1аьнна кечам. Шен итт шо бен дацахь а, Йоккхачу Бабица эса 1аьнера даккхал докъар гулдора Микас. Йуьйш, асарш деш, баьрзнаш деш, картолаш лелайора, гурахь схьайохий, ц1ийна бухахь долчу орчуйерзайора.

Журавлиха олуш,чохь ч1ерий долуш,хаза хьаьъна хи дара йуьртан йуккъехула лам чуьра охьадог1уш. Х1орш хьалха 1ийначу генарчу Нохчийчоьнан ламанан хих,Б1аьстах,тера дара Журавлиха,цкъа тийна,йуха зевне,хьаьъна дог1уш. Цкъа цхьаьна хенахь г1арг1улеш гулллуш хилла боху кхуьнан бердашца. Цундела тиллина хина и хаза ц1е. Оцу хица шен хенарчу берашца хьалаоьхуш,схьадевлча ц1азамаш а,гурахь хилча мангалкомарш а,кхезарш а кхоьхьура Микас тускар чохь. Дукха гена девлча,хьуьнан к1оргехь тилалуш меттиг а йог1ура берийн. Т1аккха масийтта аг1ор шайт1анан маьхьаро д1асакхоьхьуш, тилвеллачун мохь хезара.

ХЬ.Ш.Яндарбиев (177 дош)

Т1едиллар:

1.Шолг1а предложени синтаксически талла.

2.Шолг1ачу обзацехь хьаьркаш х1иттайе.

3. Цхьалхечу предложенешна тулг1енан сиз хьакха.

Талламан болх №2

Борз

Лаьтта т1ехь акхарой, дийнаташ, сагалматаш бен ца хиллачу ширачу заманахь цхьа ч1ог1а мох баьлла хилла. Дитташ ахьадеттаделла, х1ордаш, хиш лаьтта т1ехула даьржина, лаьмнаш ахьахирцина, къематде х1оьттина хилла.

Йерриге садолу х1ума д1асайедда. Йеккъа цхьа борз йисна цу махана дуьхьал йирзина, шекйоцуш. Мера т1ера ц1оган т1е кхаччалц шен схьайаьлла ц1ока махо ловзош, хиъна 1аш хилла гила борз. Кхано, цхьа хан йаьлча, мох д1атийна,сирла малх а хьаьжна, д1ах1оьттина Латта. Йерриге садолчу х1умано, т1е а гулйелла,хеттарш дина:

- Дитташ охьадетташ, лаьтта т1ехула хиш даьржина, лаьмнаш охьахерцаш, массо а садолу х1ума шайн са дадийна йеддий-хьаьддий лелачу хенахь хьо меттах а ма ца йелира, ва борз?

Дег1а т1ера охьаледаш ц1ийн т1адамаш долуш, генна д1ахьажийна ши б1аьрг болуш, курра 1ачу барзо жоп делла:

- Сан когаш бухахь дерг сан дайн латта ду, мел къематде т1едарах, Даймоохк битина, йаха меттиг болуш йац со х1окху Лаьтта т1ехь.

Ойлане кортош а охкийна, йуьхь1ааьржа а х1иттина, бенашка д1асайахана акхарой. Борз йисна, царна т1аьхьа а хьоьжуш, шена хиллачу чевнаша дег1 а 1ийжош, кога акха йала шен кхин Даймохк а боцуш.М.Э.Бексултанов (169 дош).

1.Т1едиллар:

1. Текстера т1едерзар схьайазде.

2.1-чу предложенера къастамаш схьайазбе.

3.Текстан т1аьххьара предложени синтаксически талла.

Шеран талламан диктант №3

Бохам

Пхи шо дара моьтту суна сайн цу гурахь, 1аьнна кечйинчу алах сан вашас ц1е тесча. Тхойшиъ сирниках ловзуш вара, вовшашца уьш, лета айеш, т1екхуьйсуш, сарахь дара иза,маьрк1ажан бода къовлалуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, т1аьххьара а, и ловзар к1орда а дина, ала т1е сирникаш кхийса х1оьттира. Аса мохь хьоькхура, саца бохуш. Ц1е эххар а марсайелира, тхойшингаи д1а а ца йайъалуш.

Тхойшиъ ведда, божалан тхов т1е а ваьлла, д1алечкъира, шипаран бист кхачалучухула хьерайаьллачу ц1аре а хьоьжуш. Йол дукха йара, арц санна, ирх а йахана, рег1у санна, йехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а,девежарий а,лулахой а болуш йукъахь. «Ши к1ант лаха, ши к1ант! -бохуш, мохь беттара тхан дас. –Йол йита, ши к1ант схьалаха, ваьгний хьажа ши к1ант!»

Со вилхира, мохь а баьлла, дена тхойшиъ велла моьттиний а хиъна.

И йогу ц1е а, маьхьарий а, д1асауьду нах а битина, дас тхов т1ера охьаваькккхира тхойша:»велха ма велха,дукхаваха шуьшиъ,шуьшиъ дийна хилчахьана… йол-м ж1аьлеша йаахьара»,- бохуш,тхойшиъ кхеравеллий а хиъна,веларца хьеста а хьоьстуш.

М.Э. Бексултанов (169 дош)

Т1едиллар.

1.Тектера ша къаьстина къастам схьайазбе.

2.Текстера хуттургаш йоцу чолхе предложени схьалаха, цуьнан грамматически лардаш билгалйаха.

3. 3-чу абзацера ма-дарра къамелан схема х1оттайе.

Изложени

1.Бабин беркате т1орказ.

Жимачу хенахь башха иэс ца хуьлу кегийчеран гонах долчун терго йан:Даймехкан хазаллин ,къоман сийлаллин,йуьртахойн г1иллакхийн,лулахойн дикаллин,баккхийчу нехан мехаллин.Де кхоьлина цат хилчхьана,дуьненан исбаьхьалле кхийда дог маьрша дитича,цунах тоам беш лела бераллехь.

Цхьана хазачу б1аьстенан дийнахь ненера пурба а даьккхина,Шовда денана йолчу йахара,жимма цуьнца марзо эца. Бабина ч1ог1ат дукхайезара жима Шовда. Ша йолчу йеъна,цунна там бан г1ертара.Нанас шега ц1ахь ,йохайарна кхоьруш,ца йуьлуьйту пхьег1аш йуьлуьй тура.Мухха хьакхахь а,шен чу нуй ,горгам хьокхуьйтура.Т1аккха цо диначу г1уллакхашна,бекхамна санна,сихха нохчийн пешан ц1ергахь сискал йоттий,цуьнца йетшура молуьйтура.

Жимма луьйш-олуш 1ийначул т1аьхьа Шовдина уггар мерза хета къайле гучуйоккхура бабас.Шен даг т1е гилгаш дохуш санна,хетара йо1ана,цо шен куьйган керайукъахь масех шекаран б1елигкховдийча.Ткъа наггахь г1ожан буьххьехь долу ц1азамаш а,б1араш а лора.

Шовдина хазахетара бабин т1орказ.Цхьа хаза тайп-тайпанчу басаршца дехкина т1ехь зезагаш ,Т1етесна тир йаьккхина кечдина к1адин киса..Йо1ана моьттура бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу. Шен бераллин хьекъалехьаьжжина, и къайле йу моттура цу чохь долчу дуккха а б1елигех, кампетех кхийолчу бес-бесарчу х1уманех.

Иштта цхьана дийнахь йо1а бабица къамеле йаьллачохь хаьттира:

- Баба,гуттар а хьан т1орказ дуьйцуш ма хуьлу Зийдат,цо йоккха меттигд1алоцу бохуш.Иза ара ца доккхуьйтуш,халахета ,моьтту суна,цунна.Ахь ма олий,хьан цу чохь дуьненан меха йолу къайле йу.Зийдатца ца доькъу ахь,соьца санна,цу чуьра хьайн мерза б1елигаш а,кампеташ а?

И хаттар хезча, баба доггах йелайелира.Цул т1аьхьа Шовда куьг лаьцна меллаша т1рказна т1ейигира цо.Цунна тоьхна долу дог1а схьа а даьстина,хьалайехира цу чуьра дуккха а х1уманаш.Амма йоь1ан б1аьрг ца кхийтира ша сатуьйсучух.Цкъа лерина д1ахьарчийна тиша бедарш схьайаьстира бабас.

-Х1ара сан деден Хьаьжин ц1а воьдуш т1ехь хилла духар ду.Кху духаранйозалла йийцина ца йаллал йеза йу.Оцу хенахь Хьаьжин –ц1а г1аш боьлхуранах.Сан дедена дуккха халонаш т1е1иттайелла некъан бохаллехь.Халонашца цхьаьна тишдала доладелла хилла духар. Амма ша ц1авирзича,шена гучувала веанчу стагана и т1ехь долуш маракхеташ хилла иза,хийла цига кхача сатесначу стеган ког а,б1аьрг а ца кхаьчначу йезачу меттигашкахь шена т1ехь д1а а,схьа а лелина духар ду бохуш.Цуьнан дозаллина тхан денанас х1ара массарна а гучохь кхозуш латтадора,_дийцира цо.

Т1аккха т1етуьйхира :

-Х1ара,сан ненанана Кулсум маре йоьдуш ,цунна т1ехь хилла г1абали а,цу йукъах дихкина хилла долу доьхка а ду.

Кхин а цхьацца шира,шен дагна хьоме х1уманаш гайтира бабас йо1ана.

-Шовда,х1ара йукх Бабин йенрриг къайле,_дегочу озаца элира йоккхачу стага.

Ш.Х.Дашаева (404 дош).

1.Бераллин хан.

2.Шовда денана йолчу йахар.

3.Бабин т1орказ.

4.Шовдин хаттар

5.Бабин къайле.

Изложени

2.Дохкойала, нана

Бер д1а а дижийна,нана д1айахна.Мел шек доцуш 1уьллу иза мерзачу набарх.

Там хир барий- техьа цунна нана йоцчу кхечуьнгара?Х1ан-х1а.Иза цуьнан нана йу:дуьненан марзо,б1аьрган серло,деган йовхо.Иштта беран марзонах йоьллачу нанна а синтем ца хуьлу,бер дуьзна а,доладелла а ца хилча,Мосазза мерзачу набарх йуьйлуш,шен шен г1ийлачу узамца охьадижийна цо иза.
Нагахь и сиркхо хилча,г1айг1анах кийра бузий,ойланна г1елло нана.Дагардолийтехьа нанна бер цкъа а?Х1ан-х1а.Иза диццина цхьа минот а цайоьду цуьнан. Ша мел сиха, йуькъачу г1овг1анашкахь йалларх, беран аз кхочу ненан лере, мел генахь хьларх.

И шен бер д1а а тесна, лелалур йаритехьа нана? Мичара! Берахь ца йала пхьид йиъна, боху, нанас. Иза нийса ду. Бер-ненан сих са хуттуш, дагца дог нисдеш, б1аьр-нуьрца нур кхоллалуш, цуьнан ц1ийх схадаьлла ма ду. Шен дег1ан са а берал мерза хир дац нанна. Нанна бер хаза г1ан

санна деза ду. Идоккха хиларе сатуьйсуш, багара церг ларйеш, ткъа дуьххьара и карийча, мел хаза кхаъ кхочу нене.

-Алахь, сан хазаниг, - бохуш, доьлучу дагца нанас берана 1амабо шен х1а. Нана, беро ша дуьххьара дуьненчу долуш, шена хуучу маттахь шега г1одехнарг йу. Цундела нанна беран марзо йоккха йу дуьненан массо исбаьхьаллел.

Иштта деза бер дижийна нана д1айаханакх. Х1ун ду нанас лелориг?

Майрачунна оьг1азйахарх, х1ун къуьйсу ахьа бераца? Хаалахь: хьан оьг1азаллех берриге бохам берана хьулий. Шен дег1а куьг кхаччалц, декъаза де лелош, ша х1ума хаъал хилча «нана» боху дош дицделла, хьуна т1едан даго ца дуьтуш, лелар ду хьуна иза. Ткъа къа дац цуьнан, дуьненахь нана боху дош ала йиш йоцуш кхиа доьлча?

Диц ма де, бер д1а а дижийна. Хьо д1айаха хьалаг1оттуш, беран ц1аьххьана мохь баьлла, цо хьайх катохар.

-Хьох йаьлла 1елур йуйтехьа –бохуш, ахь йаьхначу обанийн тачах1инца а данза ду беран йуьхьа т1ера.

Дохкойала, нана, хьайн бер самадалале. Мел холчах1уттур ду иза, ша самадаьлча, хьо йуххехь ца гахь.

Къа ца хета хьуна,чохь йуй д1асаахьоьжуж,хьоькхучу маьхьарца массо орцахваькхина хьа т1ейалар доьлхушхолчух1утту долчу цунах.

Дохкойалашен г1енах,самаххьо лоьхуш,синтем байна хьийза долчу цу хьайн берах къа къа хьаьрчирий-техьа хьох.

Дохкойала,нана,хьайн дилхан дог дашадай,къинхетам,безам цунна чохь гулбай;хьайн дахарехь ахь дендолчу массо а диканал, и самадалале,хьо цунна гар ду.

Дитахь,х1ай эшац,ца къийсича мега дерш,царах хьуна йа нахана цуьрриг хила пайда бац,нагахь да-нана дезна,уьш ахь лийринехь,хьо йезийта хаалахь ,хьайн жимачу киранна.

Дохкойала сихха берех ма къаста!

1.У.Юсупова (408 дош).

Хьесап:

1.Бер дижийн ,д1айахна нана.

2.Нанна бер ч1ог1а деза ду.

3.Д1айаккха оьг1азло хьайн дагчуьра,х1ай, къинхетаме нана!

4.Хьайн жимачу бераш дуьхьа дохкойала,нана!

Тесташ

Тест № 1 (1- ра вариант)

1.Предложени олу:

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;

2. ойланан а,къамелан а уггар цхьалхечу декъах;

3. йозанехьвовшахкхеттачу дешнех.

4. дешнийн цхьаьнакхетарехь.

2.Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш,дешнаш хийцалучу декъах олу:

1.суффикс; 2.чаккхе; 3.лард; 4.дешхьалхе.

3.Варийлахь(1) дукха (2) нуй (3) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь (4) и (5) суна бекъар бу хьуна.

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 1,2,4. 2.2,4,5. 3.1,3,4,5, 4. 1,2,3,4.

4.Дуккха а адамаш, къаьсттина бераш, ч1ог1а хазахеташ хьуьйсура хьаьхкинчу говрашка. Х1окху предложенера билгалдаьхна дешнаш ду:

1.Шакъаьстина цуххедиллар;

2.Даьржина т1едерзар;
3.Йукъадало дешнаш;
4.Латтаман дурс.

5.Нохчийн маттахь легар къастадо:

1.Доланиг дожаран чаккхенца;
2. Коьчалниг дожаран чаккхенца;
3. Дийриг дожаран чаккхенца;
4. Хотталург дожаран чаккхенца;

6.Доцца аьлча экскурси дика чекхйелира.Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.

7.Х1ара дешнаш антонимаш дац.

1.йахь- хьаг1;

2.ирс – докъазалла;

3.буьйр-омра;

4.комаьрша- пис.

8.Орфографи олу:

1.меттан дерриге а дешнех;

2.дешнийн нийсайаздар 1амочу бакъонех;
3.йозанехь сацаран хьаьркаш х1итторан бакъонех;
4.меттиган маттах.

9.Дешан х1оттаман дакъош:

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

10.Терахьдешнаш хуьлу:

1.цхьалхе,чолхе,х1оттаман;
2.мухаллин,доладерзоран;

3.йаххьийн ,къастамза,гайтаран;
4.берта,бертаза.

11.Дацаран дакъалг <u>ца</u> деепричастица йаздо:

1.даима цхьаьна;

2.даима къаьстина;

3.цхьаьна а,къаьстина а;
4.дефисца.

12. **Дуьххьарлера нохчийн абат («Нохчийн джуз ду х1ара»)**

х1оттийнарг вара:

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

13. **Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:**

1.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

14.Сахиллалцшен хазачу эшаршца иза новкъайоккху зарзаро.

Х1окху предложенин грамматически лард йу:

1.иза новкъайоккху;

2.новкъайоккху зарзаро;

3.эшаршца новкъайоккху;

4.новкъайоккху.

15.Чолхе предложен иолу:

1.шина йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

3. кхаа йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

4.пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

1	**2**	**3**	**4**	**5**	**6**	**7**	**8**	**9**	**10**	**11**	**12**	**13**	**14**	**15**		**«5»**	**«4»**	**«3»**	**«2»**
2	**2**	**1**	**1**	**2**	**1**	**3**	**2**	**3**	**1**	**2**	**1**	**4**	**2**	**1**		**13-15**	**10-12**	**7-9**	**1-6**

Тест № 1 (2- ра вариант)

1.Предложенино гойту:

1.адамаша ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолушцхьаьнакхетта дешнаш;

4.дщешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2.Дешан х1оттаман дакъошду:

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,ларда;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

3. **Доцца аьлча экскурси дика чекхйелира.Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:**

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.4.

4.Подлежащи хуьлу

1.лааме,лаамаза; 2.грамматически,логически: 3.мухаллин,меттиган;
4.берта,бертаза.

5.Лексика бохучу декъа йукъа ца йог1у:

1.лексикологи; 2.семасиологи;
3.лексикографи; 4.орфографи.

6.Х1ара предложени йукъара- йуьхьан йу:

1.Б1аьстенан мохо бешара г1аш лестадора.

2.Нехан динара хотталахь вуссу.

3.Селхана рег1ахь дог1а деара.

4.Арахь шелйелла.

7.1уьйренна кхетттачу малхочехка башийра буткъа ша.

Х1окху предложенехь грамматически ларда йу:

1.башийра ша; 2.кхеттачу малхо;

3.малхо башийра; 4.чехка башийра ша.

8.Кхушара къаьсттина хьийкъинера муьргаш.

Х1окху предложенехь **къаьсттина** боху дош:

1.латтам бу; 2.къастам бу; 3.кхачам бу; 4.цхьа меже йац.

9.Х1ара дешнаш синонимаш ду:

1.стигал-латта; 2.гоьза-гарс;

3.токхо-йакхо; 4.дахар-1ожалла.

10.Хьоме дешархой,шаьш дуьненчохь дехаш мел ду,мехкан а,

халкъан а сий ларделаш.

Х1окху предложенехь хьоме дешархой:

1.даьржина т1едерзар ду;

2.латтаман дурс ду;

3.предложенин шакъаьстина меженаш йу;

4. йукъадало дешнаш ду.

11.Массо а машарна ваха веза бохуш,закон дукх вайн мехкан.

Х1окху предложенера т1етуху предложений йу:

1.бахьанин;

2.бехкаман;

3.къастаман;

4.кхачаман.

12. Оцу минотехь йай-й шок туьйхира? Мохьмад луьйчура сецира.

Х1окху предложенехь:

1.ц1оьмалг йилла йеза;

2.тире йилла йеза;

3.т1адам билла беза;

4.шит1адам билла беза.

13.Хоийла хьуна (1) мел хала бакъо а (2) нагахь (3) кхоччуш (4) дика хьо цунах кхеташ хуьлий (5) хьайга нийса а (6) кхетош а (7) йийцалур йуй.

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 2,3,5,6.
2. 1,3,5,6,7.
3. 1,2,3,4,5,6.
4. 1,2,5,6.

14. Тешам? иза къонахчун коьрта амал йу. Мотт? иза массо х1уманан а бух бу.

Х1окху предлженешкахь:

1. ц1оьмалг йилла еза;
2. т1адам билла беза;
3. тире йилла йеза;
4. шит1адам билла беза.

15. Х1инца вайн йолу алфавит т1еэцна:

1. 1908 шарахь;

2. 1918 шарахь;

3. 1927 шарахь;

4. 1938 шарахь.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	3	1	2	4	2	3	1	2	1	3	2	4	3	4		13-15	10-12	7-9	1-6

Тест № 1 (3-г1а вариант)

1. **Предложени олу:**

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;
2. ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;
3. йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;
4. дешнийн цхьаьнакхетарех.

2. **Дошамаш х1иттор 1амочу лексикологин декъах олу:**

1. Этимологи;
2. Лексикографи;
3. Семасиологи;
4. Диалектологи.

3. **1аьрбийн маттара т1еэцна дешнаш лела:**

1. 3-чу классехь;
2. 5-чу классехь;
3. 2-чу классехь;
4. 4-чу классехь.

4. **Интонологи ц1е йолу дакъа йукъадог1у:**

1. фонетикана;
2. морфологина;
3. синтаксина;
4. пунктуацина.

5. **Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш,дешан хийцалучу декъах олу:**

1. суффикс;
2. чаккхе;
3. лард;
4. дешхьалхье.

6.Дошкхоллар хуьлу:

1. нийса,дукханеха;

2. берта,бертаза;

3. схьадаьлла,схьадалаза;

4.чолхе,цхьалхе.

7. Шолг1ачу легарна йукъадог1у:

1.лач дожаршкахь –чу чаккхе йолу билгалдешнаш;

2.лааме мухаллин а, йукъаметтигаллин а билгалдешнаш;

3.доланиг дожарх хилла лаамаза билгалдешнаш.

8. Чолхе предложенеш хуьлу:

1. чолхе-цхьаьнакхетта,чолхе-карара,хуттургаш йоцучолхе;

2. т1етуху, коьрта, коьртаза;

3. йуьхьан, йуьззина, ц1еран;

4. дийцаран,хаттаран, айдаран.

9. Доцца аьлча,экчкурси дика чекхйелира.

Х1окху предложенера **доцца аьлча бохург:**

1.йукъадолу дош ду;

2.хуттург йу;

3.даран суьртан латтам бу;

4.шакъаьстина меже йу.

10. Х1ара предложени т1едожаран йу:

1. Шийла йара тахана арахь.

2. Ма сиха д1аделикх х1ара де!

3. Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4. Хьо вог1ий соьца?

11. Х1окху предложенера ц1ерметдош йукъаметтигаллин ду:

1. Иза мила ву?

2. Цо хьаьнга дийцира цунах лаьцна?

3.Ткъа со мича ваха веза?

4.Суна-м ца хаьа, иза мила ву.

12.Чолхе предложен иолу:

1.шина йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух:
3.кхаайа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
4пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;.

13.Х1окху хандешнаша хьалха йахана хан гойту.

1. Вицвелла,хьагйелла ,ладег1на;

2. Дагаихнера,баьхнера,хьагйеллера;

3. Дийци,ладуьйг1и,вицви;4.ладуг1ура,вицлора,хьаглора.

14.Спряжени олу:

1. Ц1ердош дожаршца хийцадаларх;

2. Ц1ерметдош йаххьашца хийцадаларх;

3. Хандош терахьашций,хенашций,классашций,

саттамашций хийцадаларх;

4. Билгалдешан даржашца хийцадаларх.

15.Дуьххьарлера нохчийн аббат(«Нохчийн джуз ду х1ара») х1оттийнарг вара:

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	2	4	1	3	1	2	1	1	3	4	1	2	3	1		13.15	10-12	7-9	1-6

Тест №1 (4-г1а вариант)

1.Предложенино гойту:

1.адамаш ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхетта дешнаш;

4.дешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2.Х1ара предложени чолхе-карара йу:

1.Ид1абоьду некъ стенга боьдуш бу,дийцахьа суна.

2.Х1инца,суна хаьа,мало йан мегар дац.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Малх хьаьжнера,делахьа йовхо к1езиг йара.

3.Х1ара дешнаш дакъалгаш ду.

1.ткъа,делахь а,йа,х1етте а;

2.чу,т1ехь,к1ел,уллохь;

3.чул,х1ета,ур-атталла,мел;

4.маржа-1а1,1алелай,жолам-йа1,гап-гип-гап.

4.Кху предложенера <u>т1ехь боху дош ч1аг1даран дакъалг ду:</u>

<u>1.Тхан хьехархо а т1ех, дерриге а экскурсе дахара;</u>

<u>2.Поднара т1ехь 1уьллура г1ора эшна к1ант;</u>

<u>3.Цу суьртанш т1ехь цунна вевзира шен да;</u>

<u>4.Бешарчу дитташ т1ехь дека олзазарш.</u>

5.Х1ара преложени т1едожоран йу:

1.Шийла йара тахана арахь.

2.Ма сиха д1аделикх х1ара де!

3.Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4.Хьо вог1ий соьца?

6.Х1окху предложенера сказуеми хандешан х1оттаман ду:

1.Г1иллакхий,оьздангаллий йиший,ваший ду

.2.Суна школехь дешат лаьа.

3.Дешар-серло,цадешар- бода.

4.К1антана йеза шен нана.

7.Нехан шуьнехь къонах а верстар вац,нехан хьаьвди т1ехь дин а берстар бац.

1.Х1ара предложени йу:

1.чолхе-карара;

2.хуттургаш йоцу чолхе;

3.чолхе-цхьаьнакхетта;

4.цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца.

8.Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:

1.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

9.Дешан х1оттаман дакъошду:

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

10.Кху предложенера къастамаш цхьанатайпана бац:

1.уьш дара керла,ховха,хаза зезагаш.

2.К1анта деара ц1ен.можа зезагаш.

3.Г1опана гонаха йара лекха аннийн керт.

4.Керт мел йу д1асакхийсина йара аннийн ,эчиган,ангалин гергаш.

11. Схьагарехь,шеко йоццуш,тешна а, хетарехь бохучу йукъадалочу дешнийн маь1на ду:

1. Рог1алла йа уьйр-йукъаметтиг гойтуш;

2.тайп-тайпанчу кепара дог тешна хилар гойтуш;

3.тайп-тайпана хаамаш,синхаамаш гойтуш;

4.хаам хьаьнгара хуьлу гойтуш.

12.Варийлахь(1) Дука(2) нуй 93) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь(4) и (5) суна бевзар бу хьуна.

1.1,2,4. 3.1,2,4,5.

2.2,4,5. 4.1,2,3,4.

13.Чолхе-карара предложен иолу:

1.цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух:

2.Кхеторан меженаш шена чохь йолчу предложених;

3.цхьанатайпана йа шакъаьстина меженаш шена чохь йолчу предложених;

4.коьртачу а,т1етухучу а предложенех лаьттачух.

14.Йа цхьанна совг1атана йелира цо и говр,йа къуша лачкъийна иза.

Х1ара предложений у:

1. Цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца;

3.хуттургаш йоцу чолхе; 2.чолх-карара;

4.чолхе-цхьаьнакхетта.

15.Т1аккха Зараана хааделира цуьнан беснеш т1ехула (охь)1ийдало т1адамаш.

Х1океху предложенера охьа:

1. дешт1аьхье йу,къаьстина а йазйо;

2.дешхьалхе йу,цхьаьна айазйо;

3.дешхьалхе йук къаьстина а йазйо;

4. Йа дешт1аьхье а,йа дешхьалхе айац.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	1	3	1	3	2	3	1	3	3	2	1	4	4	2		13-15	10-12	7-9	1-6

Нохчийн литературин
мах хадоран г1ирсийн фонд
(11 класс)

Рог1алла	Предметан таллам бен дакъа	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	Айдамиров А.1. 2Йеха буьйсанаш» роман	«Йеха буьйсанаш» романехь къинхьегаман халкъийн векалийн васташ» **сочинени**
2.	Сулейманов Ахьмадан кхолларалла.	«Сулейманов Ахьмадан лирика» **сочинени.**
3.	Бексултанов АМ.Э. «Корталин хонтоти»дийцар	Бексултанов АМ.Э. «Корталин хонтоти дийцарехь коьртачу турпалхочун васт» **сочинени**
4.	Ненан васт	«Нохчийн йаздархойн говзаршкахь ненан васт»**сочинени**
5.	1амийнарг т1еч1аг1дар.	Шина вареантехь тест.

Тест № 1 (1-ра вариант)

1.Вайн шовданаша, йарташа, ирзушка, гунаша, лаьмнаша, 1аннаша, даккъаша, боьраша х1ун боху хьоьжуш,уьш толлуш,Даймехкан паспорт де шву ша , бохуш, топономи йазйинарг ву:

1.Мамакаев Мохьмад;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Айдамиров Абузар;

4.Ошаев Халид.

2. Произведенин жанраш къастайе (повесть,поэма,…):

1. «Маца девза доттаг1алла» _____

2. «Александр Чеченский» _____

3. «Кхетаме Хьамид» _____

4. «Нохчийн лаьмнашкахь» _____

5. «Бож-1ела» _____

3. **Лойша суна шийла шовда,**
Амма ц1ена шовда ло!
Адмийн дегнаш, чуьра мекха
Д1айаьккхина, ц1андийр ду.
Х1окху байтан автор ву:
1.Сулейманов Ахьмад;
2.Нажаев Ахьмад;
3.Айсханов Шамсуддин;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.

4. «Йеха буьйсанаш» романехь оьрсийн эскарехь эпсар лаьттина турпалхо:

1.Аьрзу;

2.Маккхал;

3.Хорт1а;
4.Берса.

5. «Цу вайн раьг1нашкахь цхьа сурт ду х1уттуш, дарц дала кечделлачу хенахь (дукха хьолахь 1а дулучу муьрашкахь): мох а болий, аьрцнаш уг1а дуьйлало, берзалой санна…»
Х1окху дешнийн автор ву:
1.Хамидов 1абдул-Хьамид;

2.Сулейманов Ахьмад;

3.Гадаев Мохьмад-Салахь;
4.Бадуев Саь1ид-Салихь.

6. Цхьана шарахь дуьнен т1е а бевлла,цхьана шарахь дуьнен т1ера д1а а бевлла йаздархой билгалбаха:
1.Арсанов Саь1ид-Бей, Мамакаев Мохьмад;
2.Ахматова Раиса, Гацаев Саь1ид;
3.Ошаев Халид, Исаева Марьям;
4.Арсанукаев Шайхи, Рашидов Шаид.

7.Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

1. Аружа _____ «Зеламха».

2. Арсби _____ «Нохчийн лаьмнашкахь».

3.Селехьат _____ «Бож-1ела».

4. З1ока _____ «Маца девза доттаг1алла».

5. Майма _____ «Сийлаха».

8. «Наггахь, сайн сагатделча», «1аьржа б1аьрг», «Хьалхара Парта» произведенийн автор ву:

1.Айдамиров Абузар; 3.Мамакаев Мохьмад;
2.Бексултанов Муса; 4.Ахмадов Муса.

9. «Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьиад-Салахь кхолла». Х1окху дешнийн автор ву:

1.Саидов Билал; 2.Сулаев Мохьмад;
3.Сулейманов Ахьмад; 4.Ахмадов Муса.

10. ***Аьрзу, Васал, 1аьлбаг.***

Х1ара турпалхой лахарчу произведени т1ера бу:

1. «Лийрбоцурш»; 3. «Лаьмнаш ца дицдо»;
2. «Еха буьйсанаш»; 4. «Маца девза доттаг1алла».

11. Нохчийн поэтессин Ахматова Раисин автобиографически поэмин ц1е ю:

1. «Даймахке сатийсар»; 3. «Ненаца дина къамел»;

2. «Дагалецамаш»; 4. «Дагалецамийн новкъа».

12. Айдамиров Абузаран ***«Йеха буьйсанаш»*** **романехь нохчийн халкъо муьлхачу б1ешарахь паччхьан 1едалан коллониальни политикина дуьхьал латтийна къийсам гойту?**

1.XIX б1ешарахь; 3.XVIII б1ешарахь;
2.XXI б1ешарахь; 4.XX б1ешарахь.

13. «Даймахке сатийсар»,»Ц1ен Берд»,»Дарта».

Х1окху стихотворенийн автор ву:

1.Сулейманов Ахьмад; 2.Гадаев Мохьмад;

3. Айсханов Шамсудди; 4.Бадуев Саь1ид-Салахь.

14.Йаздархо,поэт,1илманча ваьхна 1909-1972 шерашкахь.Дуьнен т1ехь ваха доьг1на хиллачу 63 шарах 30 шо гергга набахтешкахь текхна цо. Мила ву и:

1.Ошаев Халид; 2.Арсанов Саь1ид-Бей;

3.Мамакаев Мохьмад; 4.Гадаев Мохьмад-Салахь.

15.исбаьхьаллин произведени т1ехь адамийн амалш а,дахар а гайтаран кепах олу:

1.метафора; 2. Дустар;

3.персонаж; 4. Васт.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2		1	4	3	3		2	3	2	4	1	2	4	4		13-15	10-12	7-9	1-6

Дог1а

2. 1.«Маца девза доттаг1алла» - роман.
2.«Александр Чеченский» - повесть.
3.«Кхетаме Хьамид» - дийцар. 4.«Нохчийн лаьмнашкахь» - поэма. 5.«Бож-1ела» - комеди.

7. 1.Аружа – «Сийлаха».
2.Арсби – «Маца девза доттаг1алла».
3. Селехьат – «Нохчийн лаьмнашкахь». 4. З1ока – «Зеламха».
5. Майма – «Бож-1ела».

Тест № 1 (2-г1а вариант)

1.Исбаьхьаллин произведенешкахь адамийн амалш а, дахар а гайтаран кеп йу:
1.автограф; 3.жанр;
2.васт; 4.тема.

2.Мохьмад-Салахь санна верг эзар шарахь цхьаъ бен ца вог1у х1окху Лаьтта т1е. Мохьмад-Салахь кеста вог1ур вац. Г1еххьа заманаш оьшу иштта цхьа Мохьмад-Салахь кхолла».
Х1окху дешнийн автор ву: 1.Саидов Билал; 3.Сулейманов Ахьмад; 2.Сулаев Мохьмад; 4.Ахмадов Муса.

3.Нохчийн поэзехь дуьххьара г1улчаш йаха волавелла:
1.Саидов Билал; 3.Мамакаев 1аьрби;
2.Ошаев Халид; 4.Дудаев 1абди.

4.Нохчийн дуьххьарлера прозаик ву: 1.Дудаев 1абди; 3.Сальмурзаев Мохьмад; 2.Ошаев Халид; 4.Нажаев Ахьмад.

5.Нохчийн литературехь халкъан иэсана ч1ог1а т1е1аткъам бина йолу роман йу:
1. «Йеха буьйсанаш»; 3. «Товсолта ломара д1авоьду»;
2. «Дарц»; 4. «Зеламха».

6. *«Ирсан орам»* ц1е йолчу романан коьрта турпалхой бу:
1. Акаев Руслан, Васса; 2. Сийлаха, Ибрах1им;
3.Зовра, Заби1ат; 4. Зеламха, Бици.

7. *«Зеламха»* ц1е йолчу романехь дов доладелира:

1.ахча къеввсина; 2.зезаг къевсина;

3.латта къевсина; 4.дош-даше даларна.

8. Х1ара турпалхой шайн-шайн произведенешка нисбе.

1.Васал _____ «Лаьмнел лекха».

2.Алымкхан _____ «1аьржа б1аьрг».
3.Жеми1ат _____ «Дерачу кхолламан кхел».

4.Резет _____ «Аружа».
5.Г1ойсум _____ «Йеха буьйсанаш».

9.Дахарера г1уллакхаш гойтуш,билггалволчу стагах дуьйцуш йолу жима эпически произведени йу:

1.очерк; 3.поэма;
2.дийцар; 4.новелла.

10.Произведенин жанраш къастайе (повесть, поэма, …):
1.«Йеха буьйсанаш» _____

2. «Аружа» _____

3. «1аьржа б1аьрг» _____
4. «Батто сагатдо» _____

5. «Зингаттийн барз а ма бохабелаш» _____

11. *«Даймохк»* ц1е а йолуш, нохчийн дуьххьарлера газет арадаьлла:

1. 23.02.1923; 3.15.06.1934; 2.18.03.1925;
4.12.08.1990.

12.Халъан барта кхолларалла толлуш волчу 1илманчех олу:

1.фольклорист; 2.1илманча; 3.яздархо;
4.талламхо.

13.Мамакаев Мохьмадан «Ц1ий хуьйдина лаьмнаш» поэма зорбанера арайаьлла:

1.1936 шарахь;

2.1928 шарахь;

3.1930 шарахь;
4.1924 шарахь.

14.Нохчийн литературехь дуьххьара поэма йазйинарг ву:
1.Дудаев 1абди; 2.Мамакаев Мохьмад;

3.Сулаев Мохьмад; 4.Саидов Билал.

15.Произведени д1айолалуш далийначу, цуьнан коьрта маь1на шайца гучудолучу говзачу дешнех … олу: 1.долор; 2.кица;
3.эпиграф; 4.эпитет.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	3	4	3	1	1	2	-	1	-	4	1	2	2	3		13-15	10-12	7-9	1-6

Дог1а

8.1.Васал – «Йеха буьйсанаш».
2.Резет – «1аьржа б1аьрг».

3.Жеми1ат – «Дерачу кхолламан кхел».
4.Алымкхан – «Аружа».
5.Г1ойсум – «Лаьмнел а лекха».

10.1. «Йеха буьйсанаш» - роман.
2. «Аружа» - поэма.

3. «1аьржа б1аьрг» - дийцар.
4. «Батто сагатдо» - стихотворени.
5. «Зингатийн барз а ма бохабелаш» - повесть.